ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ЛЫЗЫЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭХЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№4 (21.912) ● 2011 гъэм щIышылэм (январым) и 15, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

**Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм ухуэныгъэмкIэ, архитектурэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министрым и Iуэхукlэ**

## Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президентым и Указ

1. Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Конституцэм и 81 статьям и «б» пунктым ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм ухуэныгъэмкIэ, архитектурэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министру гъэувын **Кьультырбей Хьэчим Мэчрэпи** и къуэр.

2. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен**

*Налшык къалэ*
*2011 гъэм щIышылэм и 11-м*
*№2-УП*

**Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм транспортымрэ гъэсэну хозяйствэмкIэ и министрым и Iуэхукlэ**

## Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президентым и Указ

1. Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Конституцэм и 81 статьям и «б» пунктым ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм транспортымрэ гъэсэну хозяйствэмкIэ и министру гъэувын **Сунш Ануарбий Iубэу и къуэр.**

2. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен**

*Налшык къалэ*
*2011 гъэм щIышылэм и 11-м*
*№3-УП*

● Хъыбар гуапэ

## Дэтщ Шытхьэлэ Щэнхабзэм и унэ

**КЪБР-м и Аруан районым щыщ Шытхьэлэ къуажэм Щэнхабзэмкlэ и уиущIэ къыщыдэIуахым хэтащ Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен.**

КъАТИТIУ ЗЭТЕТ, метр зэбгъуэзанатIэ минитI къыз эрыкI унэ дзгъуэр нэхъри щIэращIэ ещI абы и пщIантIэр екIуу зэрызэгъэпэщам. Ялэ къатым спортым зыщыкуагъасэ, къыщыфэ пэшхэр, щыху 250-рэ зыщIэхуэ зэхуэсыпIэ пэшышхэр, зыгъэпсэхупIэхэр, зыгъэпскIыпIэхэр, артистхэм я егъэзыпIэхэр хэтщ. ЕтIуанэ къатыр къуажэ администрацэм и хэщIапIэщ. Щэнхабзэмкlэ унэр къызэрызэгъэпэщащ иджырей киноIэмэпсымэхэр Къанокъуэ Арсен и ахъшэкIэ къащэхуащ. Унэр щIыным псори зэхэту трагъэкIуэдащ сом мелуан 53-м щигъу.

**ТОЛАСОВЗ Екатеринэ,**
*КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэ.*

● ЩIэ

## Псынщ1эу хэзэгъэн папщ1э

КъБР-м и Правительствэм иджыблагъэ къыщтащ «Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм щыIэ транспортыр, техникэ Iэмэпсымэхэмрэ системэхэмрэ ГЛОНАСС е ГЛОНАСС/GPS спутник аппаратурэкIэ къызэрэзэпэщыным и Iуэхуф». А Iэмэпсымэщ1э ирагъэуэвнущ автомобиль, гъэщI гъуэгу, кIалэхэм щызекIуэ электрическэ пассажир транспортым, КъБР-м и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органхэмрэ абыхэм я унафэм щIэт организацэхэмрэ егъэбыдыдIа транспортым, техникэ Iэмэпсымэхэмрэ системэхэмрэ, абыхэм школхэм я автобусхэмрэ медицинэ дэIэпыкъуэгъу псынщIым и автомашинэхэмрэ яхэту.

КъБР-м транспортымрэ гъэсэну хозяйствэмкIэ и министр Сунш Ануарбий зэрыжиIамкIэ, мы унафэр сэбэп хъунущ транспортыр къызэрагъэсэбэпыр егъэфIэкIуэныкIэ, щIыхуэхр, хьэлъэ хэхаэр нэхъ шынагъэншэу къешэкIыныкIэ. А Iэмэпсымэр къызэрагъэсэбэпыным и фIыщIэкIэ КъБР-р Урысей Федерацэм и информацэ-навигацэ системэщIэм псынщIэу хэзэгъэнущ.

ГЛОНАСС е ГЛОНАСС/GPS технологием тещIыхьа Iэмэпсымэхэр дызэрыт мазэм щегъэжьауэ транспортым ирагъэувэу щIадзэнущ. Абы текIуэдэну ахъшэр КъБР-м и республикэ бюджетым кIиутIыпщынущ.

***КъБР-м и Правительствэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.***

■ ЗэIущIэхэр ■ Жьыщхь махуэ ■ Фэеплъ

КЪЭБЭРДЕЙ

■ Спорт Щбэт кIыджкIыгъуэ ■ Малъхъэдис

**Къэрал Думэм и бжыхьэ сессие кIыхьэдэжкIам кIыркIуахэм я гугъу щысщIкIэ, сэ кIыхьэгъэнэхьэхуKIыну сыхуейт ильэсищым тещIыхьа бюджетыр. «Урысей экъуэт» фракцим, ди комитетым хэтхэм къаруущхэр ирахъулIащ бюджетымщIэм гъэту игъэутыным.**

«2011, 2012, 2013 гъэхэм ятещIыхьа федеральнэ бюджетым и Iуэхукlэ» законопроектым къыщыгъэлъэгъуащ щIэкуэд. Абыхэм я нэхъыбэр зыхуэгъэзар ди экономикэм щIэм тету зегъэужьыныр щIагъэхуэбжьнырщ. Бюджетыр кIыхьэныщхуэ дыдэу 3-м хуэгъэзауэ жыпIэ хъунущ. ЯтIрауэ, абы кIыхьэрпгъэнщхэм хуейщ къэралым и щIыхьхэм псэунигъэ и лъэныкъуэкIэ хуэзфIагъэкIын хуейуэ ящыщхэм псэунигъэ и лъэныкъуэкIэ хуэзфIагъэкIын хуейуэ ящыщхэм ЕтIуанэ Iыхьэмрэ Урысей Федерацэм и Бюджетым и хэщIхэм я процент 46-м нэсыр хуэгъэзауэ щытынущ псэуКIэр егъэфIэкIуэным.

А кIалэхэр гъэзэщIным, шэч хэмылъу, щIэгъэкъуэныщхуэ хуэхъун хуейщ егупсысауэ ирагъэкIуэкI налог политикэр. Бюджетымрэ налогхэмкIэ комитету сэ сызнурафэщIым экономикэм щIэм тету зегъэужьыныр и мызакъуэу, къэралым и политикэ хуэхьIэмэ ельэлIа Iуэхуэр зэфIэзагъэкIыфыну законопроектэр зэхилъхьащ. Дэ ди жэрдэмхэм я нэхъыбэр зыхуэзгъэзар налог политикэрщ. Абы кIыхьэщIеубыдэ ди гъащIэм и лъэныкIуэ псори: Сочэ щекIуэкIыну Олимпиадэм кIыщыщIэдзауэ ЖКХ-м и Iэнатlэм щIыпIэу льготэхэри, нэгъуэщI щIыналъэхэм щыпсэу ди лъахэгъуэм ядэIэпыкъунри, н.кь.

Псалъэм и хьэтыркIэ, иджыблагъэ ягъэува хабзэм Iэнатlэм кIыдет Сочэ щекIуэкIыну Олимп Джэгухэм папщIэ нэгъуэщI къэралхэм кIыщащху Iэмэпсымэ псори Урысей Федерацэм и таможнэ гъунапкъэм кIыщыщэпрашкIэ налог трамыльхьну. Псалъэм и хьэтыркIэ, спорт Iэмэпсымэхэр, джэгуПIэхэр яухуэным ирахьлIэ пкъыгъуэхэр, нэгъуэщI куэдхэрри. Псори зэхьэлIар а зэхьэзэхуэ ин дыдэхэр зэпэщу ирагъэкIуэкIын папщIэ Iмалъэхэр зэтеуухуэнырщ.

«Урысей Федерацэм и Налог кодексым и етIуанэ Iыхьэм и 121-нэ статьям зэхьэзэхуэ кIыхьэрпгъэнщхэм и Iуэхукlэ» законопроектми яп еджэгъуэкIэ хэплъэ хъунущ. Абы кIыщыщхэлъэгъуащ псэупIэр зейхэм я зэгъэхьэныгъэхэм, псэупIэ кооперативхэм зэмылIэужьыгъуэхэм фотэр куэд зыя я унэхэр зыхуэей щыхуагъаэзкIэ льготэхэр етыныр.

Бжыхьэ сессием и ныжь маджуэхэм апхуэдэу хуагъэхьэзыгъащ «УФ-м и Налог кодексым и етIуанэ Iыхьэмрэ Урысей Федерацэм нэгъуэщI къэралхэм щыIэхэм хабзэкIэ щыIэ хуитныныгъэхэмрэ зэхьэзэхьныгъэхэмрэ хэпхьэныж я Iуэхукlэ» законопроектри. Абы куэд щIауэ попльэ Урысейм и фейдэ зыхэлъхэм хуэлэжьэн папщIэ ди дежкъэзыгъэзэжьну хущIэкъу ди эхэуэгъуэхэр. ЗэхьэзэхьныгъэщIэхэр сэбэп хъунущ нэгъуэщI къэралхэм щыпсэу Iэщ1агъэлIэхэр урысей щIыналъэхэм тэмэму щылэжьэфынымкIэ. Урысей Федерацэм къэIэпхъэжьхэм щIэхьеIэ къэралхэм программэ щыIэщ. АрщхьэкIэ, гъащIэм кIыкъэригъэлъагъэщи, Урысейм къэIэпхьэжь ди хэкуэгъуэхэм ящыщ куэдым зыхэпсэукIын яIэкъым, абы кIыхьэкIыи ахэр ди гъащIэм хъэ быдэкIэ кIыхьэхьфыркъым. Абы елъахэ къэIэпхьэжьыну хуейхэм я Iуэхур. Законопроектым а къалэныр зэфIигъэкIыфынущ, игъащIэкIэ щыпсэуну ди деж къэIэпхьэу жыгъэкI къэрал цIыхухэм я лэжьыгъэ кIыпэкIэ хэгъуэм хагъэкI налогыр процент 13 мардэм хуагъакIуэмэ (мы зэманым ар процент 30 мэхъу). Апхуэдэу абыхэм щхьэщыхьэн хуейщ щIыпIэм зыщрагъэтхьн папщIэ Iах къэрал пошлинэкр. Статистикэр щIыхьэт зэрытехъэмкIэ, мы зэманым Урысейм и щIыбкIэ щопсэу ди хэкуэгъу мелуан 30-м нэблагъэ. Абыхэм яхэтщ щIэныгъэлI Iэзэхэр, Iэщlагъэлq щIэ рыIуэхэр. Ахэр ди къэралым хуабжьу къыхэкIуэнпут. Дыщогугъ къыхэтлъ-

Васильев Юрий

хьа зэхъуэкIыныгъэхэр абыхэм щIэгъэкъуэныщхуэ яхуэхъуну. Зи гугъу тщIы законопроектым Къэрал Думэм и депутатхэр зэплъэнущ мы мазэм.

Апхуэдэу гъатхэ сессием и пэщIэдзэм кIыщыхэтлъхьанущ инноваду лэжьыгъэм налогхэм я лъэныкъуэкIэ Iэмалыфlэхэр къыхуэзIухыным теухуа законопроектыр. Абы ипкъ иткIэ технологие Iэмэпсымэщ1э дыдэхэр сэбэпышхуэ хэлъу къэзыгъэсэбэп Iуэхущ1апIэхэм 2011 гъэм щIышылэм 1-м къыщыщIэдзауэ ильэсищ1э пIалъэкIэ налогхэм я ильэныкъуэкIэ льготэхэр иратынущ.

Апхуэдэу къэзгъэлъэгъуну сыхуейщ 2010 гъэм и нужьрей щIэныгъэм къэралым и Правительствэм зэфIигъэкIа дэжьыгъэм теухуа отчетри. Ар щыхьэт тохьуэ къэралым и экономикэм зэпэщу зэрызиужьым. Мыбдежым къыхэгъэщын хуейщ инвестицэхэм ВВП-м зэрызнужьым нэхъри нэхъ псынщIэу зэрыкъхъуэр икIи мазищIым кIрихьбыдэу процент 4,7-р зэрыхъуар. Апхуэдэу жысIэну сыхуейт щIым къу- деигъэжьэ къыщIэзыш, къыщIэзых Iэнатlэхэм, ухуэныгъэм хуабжьу зэрызрачар. Ар лъабжьэфIыщ зэрыщыту къэралым и экономикэм зиужьын папщIэ.

**ВАСИЛЬЕВ Юрий,**
*Къэрал Думэм Бюджетымрэ налогхэмкIэ и комитетым и унафэщI.*

● УФ-м и Къэрал Думэм

## Ди зыужьыныгъэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэр

**Къэрал Думэм и бжыхьэ сессие кIыхьэдэжкIам кIыркIуахэм я гугъу щысщIкIэ, сэ кIыхьэгъэнэхьэхуKIыну сыхуейт ильэсищым тещIыхьа бюджетыр. «Урысей экъуэт» фракцим, ди комитетым хэтхэм къаруущхэр ирахъулIащ бюджетымщIэм гъэту игъэутыным.**

«2011, 2012, 2013 гъэхэм ятещIыхьа федеральнэ бюджетым и Iуэхукlэ» законопроектым къыщыгъэлъэгъуащ щIэкуэд. Абыхэм я нэхъыбэр зыхуэгъэзар ди экономикэм щIэм тету зегъэужьыныр щIагъэхуэбжьнырщ. Бюджетыр кIыхьэныщхуэ дыдэу 3-м хуэгъэзауэ жыпIэ хъунущ. ЯтIрауэ, абы кIыхьэрпгъэнщхэм хуейщ къэралым и щIыхьхэм псэунигъэ и лъэныкъуэкIэ хуэзфIагъэкIын хуейуэ ящыщхэм псэунигъэ и лъэныкъуэкIэ хуэзфIагъэкIын хуейуэ ящыщхэм ЕтIуанэ Iыхьэмрэ Урысей Федерацэм нэгъуэщI къэралхэм щыIэхэм хабзэкIэ щыIэ хуитныныгъэхэмрэ зэхьэзэхьныгъэхэмрэ хэпхьэныж я Iуэхукlэ» законопроектри. Абы куэд щIауэ попльэ Урысейм и фейдэ зыхэлъхэм хуэлэжьэн папщIэ ди дежкъэзыгъэзэжьну хущIэкъу ди эхэуэгъуэхэр. ЗэхьэзэхьныгъэщIэхэр сэбэп хъунущ нэгъуэщI къэралхэм щыпсэу Iэщ1агъэлIэхэр урысей щIыналъэхэм тэмэму щылэжьэфынымкIэ. Урысей Федерацэм къэIэпхъэжьхэм щIэхьеIэ къэралхэм программэ щыIэщ. АрщхьэкIэ, гъащIэм кIыкъэригъэлъагъэщи, Урысейм къэIэпхьэжь ди хэкуэгъуэхэм ящыщ куэдым зыхэпсэукIын яIэкъым, абы кIыхьэкIыи ахэр ди гъащIэм хъэ быдэкIэ кIыхьэхьфыркъым. Абы елъахэ къэIэпхьэжьыну хуейхэм я Iуэхур. Законопроектым а къалэныр зэфIигъэкIыфынущ, игъащIэкIэ щыпсэуну ди деж къэIэпхьэу жыгъэкI къэрал цIыхухэм я лэжьыгъэ кIыпэкIэ хэгъуэм хагъэкI налогыр процент 13 мардэм хуагъакIуэмэ (мы зэманым ар процент 30 мэхъу). Апхуэдэу абыхэм щхьэщыхьэн хуейщ щIыпIэм зыщрагъэтхьн папщIэ Iах къэрал пошлинэкр. Статистикэр щIыхьэт зэрытехъэмкIэ, мы зэманым Урысейм и щIыбкIэ щопсэу ди хэкуэгъу мелуан 30-м нэблагъэ. Абыхэм яхэтщ щIэныгъэлI Iэзэхэр, Iэщlагъэлq щIэ рыIуэхэр. Ахэр ди къэралым хуабжьу къыхэкIуэнпут. Дыщогугъ къыхэтлъ-



**Зэгурыlуэныгъэ зэращ1ылI э**

АБХЪАЗ. ***Иорданымрэ Абхъазымрэ я Сатупромышленнэ палатэхэм я IыкIуэхэм къэралитIым я Iуэхуэхьэ Совет къыIэгъэлъэпщыным тегуэуа зэгурыIуэныгъэм Iэ тралъэзащ.***

СЫХЪУМ щIэзэращIылIа зэгурыIуэныгъэм ипкъ иткIэ, пIэныкIыуэхэр сату, экономикэ, щIэныгъэ-техникэ, мыхьэнэ зиIэ нэгъуэщI унэтIыныгъэхэм щызэдзэкIыжьыр нэхъри я гъэсэбэныщ, зрагъэубгъуэнущ. Иорданымрэ Абхъазымрэ я лIыкIуэхэр апхуэдэуи тепсэлъыхьащ медицинэм, егъэдаIуэным теухуа Iуэхугъуэхэм. Къищынэмыщ1Iауэ, кIыхьалъхьащ абхъаз студентхэр Иорданым щрагъэджэжыр зэрызэтраублэну щIыкIэр.

**Иджырей пщалъэ**

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Узышнагъэр хьумэн Iэнатlэр егъэфIэкIуэным, медицинэ Iуэхущ1апIэхэр иджырей пщалъэм езэгъыу кIыхьэрпгъэнщым я лъныкъуэкIэ Iуэхугъуэ зыбжанэ 2011 гъэм Черкесск щыпхагъэкIынущ.***

КъАлЭ администрацэм и унафэщI Коротченкэ къызэрыхигъэщамкIэ, сабийхэм я узынщагъэм кIэлъыплъыным зегъэужьыным гулъытэ хэха хуащIынущ. «Абы и лъэныкъуэкIэ нэгъабэ Iуэхугъуэ зыбжанэ зэфIэтэхащ, ауэ ар мащIэщ. Сабий кIалэ сымаджэщым къыщыщIэдзэну я гугъуехьхэр зэфIэгъэкIыным пытщэн, дэтхэнэ Iуэхущ1апIэри едгъэфIэкIуэн, лэжьакIуэхэм я Iэщ1агъэм хэдгъэхъуэн, иджырей Iэмэпсымэхэм хэдгъэгъуэзэн хуейщ», - жиIащ абы.

**Проценти 6,5-кIэ хэхъуауэ**

АДЫГЕЙ. ***Республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм къызэритамкIэ, федеральнэ, щIыпIэ бюджетхэм къыхэкIыу зыдэIэпыкъухэм я ахъшэр мы мазэм къриубыдэу Iэрагъэхьэнущ.***

РЕСПЛИКЭМ щIыпсэухэм социальнэ дэIэпыкъуныгъэр (ЕДВ) проценти 6,5-кIэ хэхъуауэ Iэрагъэхьэнущ. Абы хеубыдэ ильэс къэс лъы зытхэм иратри, дунейм кьытехьа я сабийм и пособиери, нэгъуэщIхэри.

**УЭРДОКЪУЭ Женя.**

**Уэсыпшэмы, щIымахуэ пшыхьыр Налшык и уэрам нэхъыщхьэм «къыдыхьащ».**
***Сурэтыр Къарей Элинэ 2011 гъэм щIышылэм и 14-м трихащ.***

**Тольк1ынхэм я дуней**

**Къуэкlыщ1э Жьыжьэм щыIэ Тэтэр псы дэжьпIэм щызэтрагъэувыIащ «Партиер» блэжьеящ1э къхъухым исахэр къолъыхъуэныр.**

А къхъухым исахэм ящыщу тхум я хьэдэхэр къагъуэтыжащ. Адрейхэр къэлъыхъуэныр зэтрагъэувыIэн хуей хьуащ дунейр зэрызэIыхьам къыхэкIыу.

Апхуэдэу толъкъунэр щыетащ Сахалин псы дэжьпIэм. Мыбдеж гуэзвэгъуэ хэхуа кхъухьхэм щахуопIащ1э «Адмирал Макаров», «Красин» мылкъутэ кхъухьхэр.

**2020 гъэм нэсыхукIэ**

**Къазахъстаным и парламентым унафэ кIыщтащ къэралым и иджырей президент Назарбаев Нурсултан и IэнатIэм 2020 гъэм нэсыху пэрытыным теухуауэ. Ауэ абы папщIэ яп щыкIэ ре-ферендум ирагъэкIуэкIын хуейщ.**

Фигу къэдгъэкIыжьыщи, Назарбаевыр ильэс 20 хьуауэ Къэзахъстаным и унафэщIщ. Ар и тельхьэщ СНГ-м, нэхъ щхьэтечу жьпIэмэ, Урысей Федерацэм, Къэзахъстаным, Белоруссием я зэхущытыкIэхэм сыт и лъэныкъуэкIи зегъэужьыным.

**Аргуэру зы**

**Саяно-Шушенскэ ГЭС-м и инженер нэхъыщхьэ Митрофанов Андрей къуажэу къалытащ 2009 гъэм щыщ1ыхьэм и 17-м гидроэлектростанцым къыщыкъуа насыпыщ1ащ1э щыкIэ: псы къэкъуфбеящ1э блокэхэр зэтрикъуэтэри щIыхь куэд хэкIуэдащ.**

ИпэIуэкIэ апхуэдэ дыдэу прокуратурэм и следственнэ комитетым къуаншэу кIильытащ а ГЭС-м и унафэщIыр.

## Мы махуэхэм

**Щ1ышылэм и 15,** *щэбэт*

◆ Турку къалэм (Финляндие) щекIуэкIыну Европэм и щэнхабзэ щыкIэрым и илъэсыр къызэрызIуахым егъэщIылIа гуфIэгъэ Iуэхуэр.

Евросоюзым и Министрхэм я Советым и унафэкIэ апхуэдэ дыдэ щIэ лъагъэсащ Эстонием и къалащхьэ Таллиниир.

◆ Илъэс 50 и пэкIэ (1961 гъэм щIышылэм и 15 - 19-хэм) Каир (Египет) щекIуэкIащ Азиемрэ Африкэмрэ я щIыхубзхэм я яп конференцыр.

◆ Илъэс 75-рэ и пэкIэ (1936) Москвarэ Лондонрэ занщIэу телефонкIэ эпIэщIа хъуащ.

◆ Илъэси 185-рэ и пэкIэ (1826) къыдэкIащ «Фигаро» французы газетым и яп номерыр.

◆ Илъэс 80 и пэкIэ (1931) кIалъхуащ урысей композитор, Дагъыстэным и классикэ музыкэм и лъабжьэр зыгъэтIылъахэм ящыщ, СССР-м и щIыхубз артист **Кажлаев Мурад.**

◆ Урыс тхакIуэ, дипломат **Грибоедов Александр** (1756 - 1829) къыщалъхуа махуэщ.

◆ И ныбжьыр ильэс 75-рэ ирокIу КъШР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, тхакIуэ **Шэрджэс Алий.**

**Щ1ышылэм и 16,** *тхьэмахуэ*

◆ [illegible] щыщ

◆ ООН-м и жэрдэмкIэ 1950 гъэм къыщыщIэдзауэ ягъэлъапIэ щIышылэм и ещанэ тхьэмахуэ махуэм.

◆ 1922 гъэм Балъкъэрыр Бгырыс Республикэм къыхэкIащ.

**Щ1ышылэм и 17,** *блыщхьэ*

◆ [illegible] зи фэр фIыщIэ американхэм я хуитныныгъэм ерыщу щIэбэна, Мамырыгъэм и Нобель саугъэтхэм и лауреат **Мартин Лютер Кинг** и фэеплъ махуэр.

◆ Париж щекIуэкIынущ 2008 гъэм и щыщхьэIум Осетие Щ1ыналъэм щыщхьэхуэм егъэщIылIа, урысей-куржы Iуэхум теухуа европей конференцыр.

◆ ЩIышылэм и 17 - 20-хэм (Франдзы) щекIуэкIынущ Европарламентым и зи чэзу сессиер.

◆ Урыс актер, режиссер, педагог, театрым и рефарматор, СССР-м и щIыхубз артист **Станиславский Константин** (1836 - 1938) къыщалъхуа махуэщ.

◆ Илъэс 50 и пэкIэ кIалъхуащ куржы шахматистэ, дунейм и ехущэ чемпионкэ **Чибурданидзе Майе.**

◆ УэрэджыIаКIуэ **ПащIэ Еленэ** къыщалъхуа махуэщ.

◆ Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и артист **Къумахуэ Мухьэдин** къызэралъхуэр илъэс 45-рэ ирокIу.

***ПIалъэр зыхьэхъэмрэр ШАЛ Мухьэмэдщ.***

Льэпкъ Iущыгъэ:

**Зэманыр уэчылыфIщ, хэт пэжми зэхегъэкI.**

● Щыгъуэ псалъэхэр

ГУМАНИТАР къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ институтым адыгэ IуэрыдуэтэмкIэ и кьудамэм и IэщlагъэлI нэхъыщхьэ, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым Кавказ Ищхьэрэм ис пIэнкъэм я литературэмрэ IуэрыдуэтэмкIэ и кафедрэм и унафэщI, КъБКъУ-м адыгэ щэнхабзэмкIэ и Iуэхущ1апIэм и кьыз эгъэпэщакIуэ икIи и Iэтащхьэ, адыгэлI нэс, ди лъэпкъым лэжьыгъэшхэу хуэзыгъэжьа икIи щызэрыгушхуэ Щ1ыпIэмэ Аслъэн гуузу дунейм эзрэмыжам теухуа хьыбар гуаузр Дунейпсо Адыгэ Хасэм хэт псоми икьукIэ гущIыхьэ тщIыхуащ икIи абы и унагъэми, и Iыхьлъхэми, и ныбжьэгъуэхми, и лэжьэгъуэхми, ар зыщIыхуу щыта псоми дахуогузавэ.

**АЖАХЪУЭ Къанцобий,**
*Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ.*

* * *

ЩIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ, цIыху щэджащэ ди ныбжьэгъу льапIэр зэрауикIам теуха хьыбарыр дигу щIыхьащ. Тырку м и адыгэ псори икъэкуэм дроизацыей икIи Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэм дахуогузавэ. Аслъэн къызыхэкIа льэпкъым, и унагъуэм Iэтыгъуафlэ Тхьэм ящищ.

Ди къэхуэам дигъэпIейтеящ, ди гугъэщ щIэпхъаджащIэхэр икIэщIыпIэкIэ къаубыдущ, яхуэфащэ тезырыр тралъхьэну.

**ГУГЪЭ Джандемыр,**
*Тырким щыIэ Адыгэ Хасэхэм я Федерацэм и тхьэмадэ.*

* * *

ЦIыПIЫНЭ Аслъэн гуузу дунейм зэрэхыжам теухуа хьыбарыр икьукIэ кьыттехьэлъащ. Ар адыгэ Iуэрыдуэтэр зэхуэхьэсыжыным, хьумэным елэжь лъэпкъылI Iущу щытащ. КьызыхэкIам и щIыхьыр иIэтын папщIэ и къаруи и мылкъуи щысхьакъым Аслъэн.

2010 гъэм и фокIадэм Дунейпсо Адыгэ Хасэм иригъэкIуэкIа зэхуэсым щыпIалъэу ну ди насып кьихьат Аслъэнрэ абы и анэмрэ я псэемыблэж лэжьыгъэр кьызэрыщ фильм кIэщIыр. Аслъэн кьыщIэнар ди лъэпкъым и тхьэдэм хьыхьэнущ.

Дэ ткIийуэ дытопсэлъыхь Аслъэн зыуикIахэм яща щIэпхъаджагъэм, ар зыльэкьахэм яхуэфащэ тезыр ялыысхэм зэрыхуейм.

Адыгэ Щ1ыпIэ Хасэми, абы и кьудамэхэми, Сирием щыпсэу адыгэ псоми кьабгъэдэкIыу дыфхуогузавэ.

**ГУГУ Акрэм,**
*Сириемщ1ыIэ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ.*

* * *

ДИ НЫБЖЬэГЪУ льапIэ ЦIыпIэнэ Аслъэн зэрауикIар ухабжьу ди жагъуэ хьуащ. Дилъ зыщIэтым адыгэ бынунагъэр адэнщэ зэрщIам, игъуэ нэмысу ди ныбжьэгъу льапIэр зэрыстхиудам хуабжьу дегъэнэщхьэ.

Сыт мы кьэжьуэр? МащIэ дыдэу фIэкIа дунейм кьытемынэжа адыгэ тIэкIум Iэщ1э кьызэхуитх щхьэ хуэ?

Аслъэн и щIыхуГъэмрэ адыгагъэмрэ дунейм кьытринэри, езыр тхэкIыжащ. Тхьэ льапIэм жэнэткIэ игъэгуфIэну дольэIу! Ар ящыгъэгъупщэн гуэзвэгъуэ и унагъуэм Тхьэм яримыгъэ льагъукIэ.

**ТIАМЖЬКIЫГУЭ Умар,**
*Европэм щыIэ Адыгэ Щэнхабзэмкlэ Хасэхэм я Федерацэм и Iэтащхьэ. Германие.*

* * *

ДИ КIУЭШ льапIэ, ныбжьэгъу пэж, зи лъэпкъым псэемыблэжу хуэлажьа ЦIыпIэнэ Аслъэн игъуэ нэмысу зэрыкIуэдам ди гур ирагъэзащ. Адыгэлl нэскIэ зэрдэхэм ящыщт Аслъэн. Абы и гущIэ ирихьэлIэрт лъэпкъ щIэнныр хьумэным, хабзэр, щэнхабзэр, бзэр кьыдэжьуэтей щIэблэм ящIэным.

Адыгэлl щIыпкъэм и благъэзэм, Iыхьлъхэм, ныбжьэгъуэхм дахуогузавэ, кьатепсыха ту ауэр гъэвыгъ уафIэ Тхьэм ящищ. Тхьэм жэнэтыр унапIэ хуищ.

**КЪАРДЭН Самир,**
*Иорданым щыIэ Адыгэ ФIыщIэ Хасэм и тхьэмадэ.*

* * *

ЩIэНЫГЪэЛI цIэрыIуэ, цIыху щэджащэ ЦIыпIэнэ Аслъэн зэрауикIар щыIэхэтхам хуабжьу дигъэнэщхьеящ. Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм и псоми дадощыгъуэ.

**БЫРСЫР Батырбий,**
*Гуманитар къэхутэныгъэ зэмыIэ Адыгей щIэныгъэ институтым и унафэщI, ЩIДАА-м и яп вице-президент.*

* * *

КЪэРЭШЕЙ-Шэрджэс Республикэм щыIэ Адыгэ Хасащхьэм хэтхэмэ, хьыбар гуауэр зэхэуха дэтхэнэ адыгэмэ гущIыхьэ ящыхуащ ди льэпкъым и кьуэ пэж, щIэныгъэлI гуузэджэ ЦIыпIэнэ Аслъэн гуузу зэрауикIар икIи и унагъуэм, Iыхьлъхэм дахуогузавэ.

Аслъэн ди республикэм фIыуэ хьащIцIыхуурт, пщIэшхуэ щыуащырт, сыт жуаз Iуэху кьедмыкьэжьэми жыджэру кьыддыхэтт, и кьару емыблэжу кьыддэлажьэрт.

Иджыри льэпкъым куэд хуэзыщIэфыну щыта адыгэлIым эи Iэ кьыхуэзыIэта щIэпхьаджащIэхэм я нэрт яхэх.

***КъШР-м и Адыгэ Хасащхьэм хэтхэр.***

* * *

*ЩIэНЫГЪэЛI, этнограф цIэрыIуэ ЦIыпIэнэ Аслъэн дунейм зэрельжар зэхэзыха, хамэ кьэралхэм щыпсэу ди льэпкъэгъуэм щыгъуэ телеграммэхэр кьагъэхьащ. Адыгэпсэ зыIут, адыгэгу зыкIуэцIыль зы цIыхуи кьэнакьым а гуэзвэгъуэр зыхэзымыщIа.*

*Апхуэдэу щыгъуэ псалъэхэр кьытхуатхащ Уфэ-Яйла Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Хейматщэ Орхьан, Кьайсэр щыIэ Адыгэ Хасэм хэт Шыкъ Мэмэт (Тырку), Калифорнием щыIэ Адыгэ Щэнхабзэ центрым и Iэтащхьэ Бещто Мэрдан (США), Лондон щылажьэ Адыгэ Хасэм хэт Кьуэшрокьуэ Анзор (Инджылыз). КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Тырким щащ адыгэ уэрэжьакIуэ Кьущхьэ Догъэн, хеттолог цIэрыIуэ Чурей Алий (Истамбул) сымэ, нэгъуэщIхэми.*

***(ЦIыпIынэ Аслъэн техуа тхыгъэхэм фыкьыщеджэж 3-нэ пап.).***

● Налшык къалэ

**Iэщ1ыр узыфэ шынагъуэм щыфхъумэ!**

2010 гъэм и кIэухым-2011 гъэм и пэщIэдзэм Ростов областым, Краснодар, Ставрополь крайхэм я щыналъэхэм кьуэм кьеуалIэ емынэ узыр кьызэрыщIыхьэрт кьыхэжьыну, ди республикэм зыIуэфащэ Iуэхуэр. Ар щыIэ Iэщ1ым кьемыгъэуэлIэным хуэунэтIауэ.

Нобэм ирихьэлIэу кьхъуэ зыгъэхьу хозяйствэ псоми щыIэ щытыкIэр кьапщытащ, унагъуэхэм яIэ псэущхьэхэри ирубыдауэ яIыгъ. Хэхауэ кIэльопль кьхъуэлкIэ сату щащI щыпIэхэм.

**САМЧЕНКЭ Светланэ,**
*КъБР-м Мэжьыгъэш хозяйствэмкIэ и министерствэм и пресс-Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэ.*

ВЭРОКЪУЭ Владимир

# Лъапсэмрэ къуэпсхэмрэ

## Си адэшхуэм жиIащ

СЭ НЫБЖЬЭГЪУ сиIэщ… И нэ лъэныкъуэр имысыжу. Зауэм щыфIэкIуэдащ. НтIэ, сэ абы и нэкIубгъумкIэ сыкъыщоплъ. Уэри чэнджэщ узот: уи ныбжьэгъухэм ныкъусанығъэ ядэпщIэмэ, бгъукIэ къыщеплъ.

- Зауэм щысщIаукIыкIа си шым деж абы и шыр къыщимыгъэувыIэмэ, бийм къыстриухуанщIэ фочышэм и IэпкълъэпкъкIэ сыщIимыхъумэмэщэ?

- Зи гугъу пщIыр ныбжьэгъукъым, апхуэдэу къыпфIэщIауэ аращ.

- Дауэ ныбжьэгъу нэсыр нэпцIхэм къазэрыхэсцIыхукIынур?

- Хьисэ бегъымбар къепцIыжар и ныбжьэгъухэрщ, армыхъумэ и бийхэр аракъым. Абы теухуа тхьэлъэIу щыIэкъым, щыIэр абы щыщ мы псалъэхэрщ:

«Зи ныбжьэгъужь епцIыжым щIэри игъэпэжынукъым.

Фадэбжьэ зыIыгъыу пэжыгъэкIэ тхьэ къыпхуэзыIуэр зыхуэпэжыр уэракъым, уи фадэрщ.

Щытхъупс къозыгъэжэхыр уи фIэщ умыщI.

ТэмакъкIэщIым ущымыгугъ.

Зи напэ IэтIэлъатIэм гъунэгъу зыхуумыщI.

Уи бийм и ныбжьэгъу уи дзыхь иумыгъэз.

ЦIыху щыту узыубыр кIуэгъужэгъу умыщI.

Ныбжьэгъу зи куэдым ущымыгугъ».

- Ар тхьэлъэIу псо мэхъу!

- Хьэуэ, тхьэлъэIукъым, абы щыщ псалъэ къудейщ. Ауэ ныбжьэгъугъэм теухуа тхьэлъэIу сэ зэи зэхэсхакъым. ЩыIэххэуи къыщIэкIынкъым.

## Пшыналъэм нэпс хущIагъэкIыркъым

СИ АДЭШХУЭ-АНЭШХУЭ ПIатIэрэ Бабыхурэ шэджэмдэсхэм фIыуэ къалъагъуурт, езыхэми цIыхум пщIэ хуащIырт. Илъэс дапщэ дэкIа абы лъандэрэ, итIани къуажэм сыкIуэжа нэужь си цIэмкIэкъым, ПIатIэ и къуэрылъхущ ноби къызэрызэджэр. Илъэс дапщэ хъуа абы лъандэрэ… Си анэшхуэр япэу дунейм ехыжащ. Адэшхуэр илъэс зыбжанэкIэ кIэлъыпсэужащ. ЛIэн и пэкIэ, и быным уэсят къахуищIащ:

- Цlыхур зэи фымыбгынэ, - итIанэ къелъэIуащ:

- СыщыдэфхкIэ щIакIуэ фIыцIэ къыстефпхъуэ. Псоми ирелъагъу цIыхухъу зэрылIар.

И лъэIур хуагъэзэщIащ. ПIатIэ кхъэм щахьым куэбжэпэхэм, бжыхь къуагъхэм къуэташ IэлъэщI кIапэкIэ зи нэпсыр щIэзылъэщIыкI цIыхубз куэд.

Иужьрей гъуэгур, иужьрей лъэбакъуэхэр дэ тчыжыркъым. А къалэн гуауэр ныбжьэгъухэм, Iыхьлыхэм я пщэ дохуэ. Абы щыгъуэм я пыIэ натIэр кърагъэкIуэтэх, я нэхэр ягъэпщкIу, нэпс къафIекIуэр ямыгъэлъэгъуэн папщIэ.

Пэжкъым бгырысхэм я гур скъарым хуэдэу быдэр. Ахэр цIыху гу щабэщ. Ауэ бгырысхэм я нэпс ягъэпщкIуф.

Адэшхуэм сигъэсащ сыт къэхъуами сымыгъыу. СыщыцIыкIум сыгъамэ, хуабжьу къэзгубжьырт. Илъэситху ныбжьым ситу шым сыкъыщехуэхам абы си нэпс езгъэлъагъун сышынащ. Ар кхъэм щытхь махуэми си нитIыр гъущэт. Сэ сщIэрт пшыналъэм зэрытемыгъэр. Пшыналъэри уэрэдым хуэдэу яус.

Сэ ноби зэхызох адэшхуэ уэрэдым и макъамэр. Мы щIым, удзым, пшэкIэплъым ещхьу сэ а макъамэр солъагъу.

## Адэ

СИ ХЭКУЭГЪУХЭМ жаIэ: «ШыкIэпс зытемылъ пшынэ, лъащIэ зыщIэмыт кхъуэщын, акъыл зэрымылъ щхьэ хэт хуейр? Мыущиям и жыгым къыпыкIэри ткIыбжьщ. Кхъуэщын нэщIым уэсэпс из пщIыным хуэдэпсу гугъущ щхьэкъэбым акъыл иплъхьэнри».

Си адэм игу къигъэкIыжырт: «ЕджапIэ-коммунэм хьэрфхэр щыдагъэцIыхурт, тхэкIэ щыдагъащIэрт, уэрэд щыжыдагъэIэрт. ПлIыр плIыкIэ бгъэбагъуэмэ, пщыкIух зэрыхъур япэ къэзыщIэфыр щIалэ губзыгъэ цIыкIуу ябжырт. КIэщIу жыпIэмэ, псори нобэ ещхьт, ауэ псори зэрыщытар нэгъуэщIущ.

- «Сытыт щIэнэгъуэщIыр?» - жысIэу сеупщIыртэкъым.

СщIэрт: гъаблэти, езым къалъыс Iыхьэм и нэхъыфIыр сабийм иратырт. ЦIыхухэр тхьэмыщкIэу псэурт, ауэ абыхэм кIэстум хуадырт, къатыр къыхуащэхурт. ТхылъымпIэ яIэтэкъыми, мывэ сэху щабэкIэ фIыцIэу ла пхъэбгъу зэIулIар ятхырт. ЕгъэджакIуэ яIэтэкъыми, Москва, Ростов кърашырт. Хэкум хъунщIакIуэхэр изт. ЖэщкIэрэ фоч уэ макъыр зэпыуртэкъым. ЩIакIуэм телъу адыгэлIхэр къахыжырт.

Япэ еджапIэр Налшык къыщыщызэIуахым Лениным и цIэр фIащащ.

- Ленинскэ еджапIэ къалэ цIыкIур, - жиIэрт ди адэм, - ди хъуэпсапIэт, пщIыхьэпIэуи нахуапIэуи тлъагъуэрт.

Сыт адыгэ щIалэхэм хъуэпсапIэу яIар? Зышэ нэхъ тримыгъэкIуадэу бжэгъу щхьэкIэм тегъэса мыIэрысэр къриудыхыныр. Зэ уэгъуэм пыпхэр пигъэщхьыныр. Зэ дзыгъуэм аркъэныр шым я нэхъ Iэлым и пщэм щидзэныр. Ахэр яхуэзэфIэкIырт си хэкуэгъухэм. Нэгъуэщl куэдми хуэIэзэт. ЯхуэзэфIэмыкI Iэджи щыIэт. Тэхъуанэхэм щыпсэурт, унэ нэхушхуэхэм я нэ къыхуикIыу, лъагъуэ Iушэнашэхэм щызекIуэрт, гъуэгу бгъуфIэ захуэхэм егупсысу. ЯщIэртэкъым «завод», «трактор», «радио» псалъэхэр.

- Дэ гъуэгупхышу дыщытащ, япэ итахэм я Iуэхур нэхъ гугъущ.

Арэзы сыдэхъуащ:

- Бгы щхьэдэхыпIэ нэхъ задэр узыщхьэдэмыхаращ.

## Марие

СИ АНЭМ Пришиб дэт члисэм жор къыщыпщIэхалъхьэм Марие цIэр къыфIащат. Ар тхьэIухуду дахэт. Хьэуэ, дэтхэнэ сабийми и анэр зэрыфIэдахэр аракъым апхуэдэу жызэзыгъэIэр. Пэж дыдэу дахэ дыдэу щытащ. Апхуэдэу жаIэжырт къыдеджахэми. А зэман жыжьэм траха сурэтым зыхуэбгъэдэн щымыIэ тхьэIухуду къощ.

… СызэплъэкIыжу къэскIуа гъуэгум сыщриплъэжкIэ, си гур гурыфIыгъуэмрэ зэшыгъуэмрэ якъуз. Сытым хуэдизу сыбейт сэ си адэ-анэр щыпсэум! Дэнэ сыщымыIами - еджапIэм, университетым - сыпIащIэу анэм деж сыкIуэжырт. Сыту си насыпт!

Жьы дыдэ хъуауэ, сымаджэу щыхэлъым щыгъуи ахъшэ гуэрхэр къысIэщIилъхьэрт: «Мыр ахъшэ къызэрыгуэкIкъым. Анэ ахъшэщ».

Зэгуэр мамэ Тхьэшхуэ анэ Марием и тхьэнапэ къызитащ. «Зехьэ, уэ умуслъымэнми, ягъэ кIынукъым. Ар фи динми егъэлъапIэ. Аращ Хьисэ къэзылъхуар. Укъихъумэнщ». Сэри а тхьэнапэр сохъумэ, хуабжьу сыхуэсакъыу. Абы нэхъ лъапIэ сиIэкъым.

Дин зэхэгъэж иIэкъым Христос-Хьисэ и анэм. Абы къихъумэну йолъэIухэр зауэм Iухьэ сэлэтым папщIи, сабий сымаджэм щхьэкIи, чэруан гъуэгум техьэ дэжыгым папщIи. Абы зыхуегъаззэ пхъэIэщэжьми: «Мариам, къыздэIэпыкъу!»

Сэри зыхузогъаззэ тхьэнапэм тет Мариссэ. Япэм анэм деж сыкIуэу щытами. Си щхьэцхэр къетхъухарэ си ныбжь нэмысу сешауэ.

Сэ зэгуэр си анэм сеупщIыгъащ: «Мамэ, быным нэхърэ къуэрылъхухэр нэхъыфIу ялъагъур пэж?».

Си нитIым гуапэу къыщIэплъэри абы къызжиIат:

«Си къуэрылъхухэм щхьэкIэ си псэр схуэтынущ, ауэ уэр нэхърэ нэхъыфIу зыгуэр слъагъуну укъэзгъэгугъэркъым».

Иджы си Iуэху щыдэмыкIым си адэ-анэм я кхъащхьэм деж сокIуэ, сахуэтхьэусыхэну, сечэнджэщыну. Абы иужькIэ си гукъыдэжым зеIэтыж, гугъуехьхэри гугъуехь къысщыхъужыркъым.

Куэду и гугъу сщIыну сыхуейщ Аслъэныкъуэ ипхъу си анэ Марие теухуауэ. АрщхьэкIэ гупсысэхэр зэхозэрыхьри си тэмакъыр щеубыдыкI.

Хьэуэ, сэ къуэ Iейуэ сыщытагъэнкъым. Гулъытэ, хуабагъэ хузиIэу сыпсэуащ. Ауэ а псор сщIэжыркъым, си щхьэм къинар и жагъуэ щысщIа, хуэфащэ гулъытэ щезмыгъэгъуэтыжа, зыгуэрхэр щыхуэзмыщIэфа уахътыхэрщ. Аращ си къуэхэм щажесIэ зэпытыр:

«Анэр фхъумэ. Аращ япэр». Дауи, уи зэманыр зэгъэзэхуэн хуейщ. Ауэ ар анэм хуэпщIэнум ехьэлIакъым.

… Жор пщIэхалъхьэн и пэкIэ, мамэ ХьэмшинэкIэ еджэу щытащ. Старэ Батакаюрт осетин къуажэм хьэгъуэлIыгъуэшхуэ щекIуэкIыу адыгэ пшынауэ Iэзэ Хьэмсинэ абы щыщыIам, си анэр къыщалъхуа махуэр ирихьэлIащ. Пшынауэм и цIэр мамэ фIащащ. И благъэхэр мамэ псэухукIэ къызэреджар Хьэмшинэщ. Иджы ягу къыщагъэкIыжкIэ, «Хьэмшинэ» жаIэ. Ауэ дэ сыт щыгъуи дызэреджар Мариещ.

Сэ сыкъэту мамэ зэи гъуэлъыжыртэкъым, сыкъэкIуэжыху. Си ныбжьэгъухэм ноби яхуэухыркъым абы гуапагъэу хэлъар. Имыгъашхэу абы си ныбжьэгъу дигъэкIыжынуи? Джэд ипщэфIа е лэкъум игъэжьа, гъунэгъу Iыхьэ химыхынкIэ Iэмал иIэтэкъым. Езыр осетин цIыхубзми, адыгэбзэ зригъэщIат, си адэшхуэмрэ анэшхуэмрэ епсэлъэфын щхьэкIэ. «Арыншэу дауэ, ар си бынхэм фи бзэщ. Сэри сщIэн хуейщ».

МыIейуэ балъкъэрыбзэми ирипсалъэрт. Балъкъэрхэр къыщыкIуэжам вокзалым кIуэурэ и ныбжьэгъу-жэрэгъухэр кърригъэблэгъэжащ.

Сэ ауэ сытми сыкъилъагъуртэкъым.

ТелефонкIэ къызэпсалъэрти:

- ПсынщIэу къэкIуэж! - жиIэрт.

- Сыт къэхъуар?

- ПсынщIэу къэсыж!

СыкъэкIуэжмэ, пщэфIауэ арац:

- КхъыIэ, шхэ, си щIалэ цIыкIу.

Гузэвэгъуэ куэд илъэгъуащ мамэ: и адэ Аслъэныкъуэ, и шыпхъухэу ФатIимэтрэ Фузэрэ я лIэныгъэр, Тбилиси уIэгъэщым кърищыжа дэлъху закъуэ иIэр, Сослъэнбэч, щIилъхьэжащ, и къуэ Валерэ, и лIым я хьэдагъэр дихащ.

Щэ никъуэ гъэхэм гугъуу дыпсэурт. Си анэм зы бостей фэилъхьэгъуэ закъуэ фIэкIа иIэтэкъым. ЖэщкIэрэ ижыщIырт - махуэм сыт щитIэгъэнт? Иджы согупсыс: «игъэгъущыну иридзауэ ядыгъуамэ дауэ хъунут?»

Марие…

СэркIэ лъапIэщ а цIэр. Мамэ и тхьэнапэр блыным фIэлъщ. Тхьэшхуэ анэ, Мариам. Ар члисэми и динми нэхърэ нэхъ лъапIэщ. Абы и кIуэцI къикIа Хьисэ фIэщхъуныгъэм, лъагъуныгъэм, гугъэм я нагъыщэ хъуащ.

Сыту фIыт си анэм Марие зэрыфIащар. Си къуэрылъху хъыджэбз цIыкIуми а цIэр фIэтщыжащ.

## Шыпхъу

ДЭТХЭНЭ сабийри зыгуэрым и бынщ. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, сэ си адэ Хъалидрэ си анэ Мариерэ сракъуэщ. Ди унагъуэр ину щытакъым. Къуэш Валерэ илъэситху ныбжьым иту гуузу тфIэкIуэдащ. Адэ-анэм къахуэнар дэитIурт - си шыпхъу Галярэ сэрэ. Сэ зызэрысщIэжрэ си шыпхъум нэхъ лъапIэ сиIэкъым. Пэжщ, фIыуэ слъагъу быни, къуэрылъхуи, щхьэгъуси сиIэщ. Ауэ сэ сышыпхъугущ. НтIэми, ар нэхъыжьщ.

СыщыцIыкIум сэ хьэмаскIэ цIыкIум сещхьу абы иужь ситу къэзжыхьырт. Сэ сыкъигъанэу и ныбжьэгъу хъыджэбз цIыкIухэм я гъусэу ар щежьэкIэ сыгъырт. Абы щхьэкIэ адэ-анэм абы тезыр ирагъэхьырт. Ауэ сэ сыхину зы дзэкъэгъуэ ишхыртэкъым. Пхъэ ласкIэм пылъ адакъэ кIэнфет уасэ кърaтакIи, сщигъэпщкIуртэкъым.

Зэманыр ткIийт. Зауэ, зауэ нэужь лъэхъэнэт. Унагъуэр хэт сыт къыхуэщэхун хуей жаIэу щызэчэнджэщкIэ, Галя сыт щыгъуи «Вовэ фыхуэщахуэ» жиIэрт.

Нэмыцэхэр къыщыкIуам, езыр иджыри сабий щхьэкIэ, балигъым хуэдэу сэ къысхуэсакъырт, сихъумэрт.

Зэманыр кIуэурэ дэри нэхъ зэкъуэча дыхъуу хуежьащ - спортым, цIыхухъу Iуэхухэм, хъыджэбзхэм сыдахьэхыху, шыпхъур нэхъ мащIэурэ слъагъу хъурт. Хьэуэ, абы къикIыркъым ди зэхущытыкIэхэр нэхъыкIэ хъуауэ. ДызэрызэIыхьлы гъунэгъур къыдгурыIуати, ди ныбжьэгъугъэр нэхъ быди хъурт, ауэ сэ иджы абы и ужь симыкIыу ситыжтэкъым. И ныбжьэгъухэмрэ езымрэ сызыхашэну хуейхэт. АрщхьэкIэ дыдэзыхьэх Iуэхухэр зэтехуэжыртэкъым. ИтIанэ спортым зэман куэд тезгъэкIуадэрт. Сешырт. Сэ Галя хуабжьу сыщыхуэзэшар ар еджакIуэ Москва кIуа нэужьщ. Зыми сигу хыхьэжыртэкъым. Унэр нэщI хъуат.

Письмо тхын си жагъуэщ. Ауэ Галя хуэстхырт. Уеблэмэ си гъащIэм япэу усэ хузэхэслъхьащ. Iуэхур къыщыстехьэлъэпар лIы щыдэкIуэрщ. Тэпэмыжыкьэу, Налшык щыпсэурт, ауэ ди унагъуэ исыжтэкъым. ХьэгъуэлIыгъуэ нэужьым «къытесхыжыну» сыкIуагъэнти! Абы дынэсакъым. Малъхъэ тхуэхъуа ФIэщмыхъу Борис си гурыщIэр къыгурыIуащ. Псори зэриухыпхъэу иухащ. Абы и адэ Iустырхъан сэрэ зыбжьэ дызэдефэри, IэплIэ зэхуэтщIыжащ. Iустырхъан жиIащ: «Игу къыпылъэдэху и адэ-анэм, дэлъхум деж лъагъунлъагъу ирекIуэж».

ИкIи къэкIуэжащ. Ди адэ-анэр псэуху гулъытэ щигъэщIакъым. Сэри аращ.

Си шыпхъур ирогушхуэ, сытрегъэгушхуэ Iуэхуу къесхьэжьэм, схузэфIэкIым.

Адэ-анэр сщхьэщыкIа нэужь, шыпхъур ахэм я пIэ иуващ. Сымаджэ сыхъуа - къысщхьэщытщ. Си жагъуэ къащIа - сигу дахэ схуещI, сытрегъэу (ар дауи къищIэрэ!). ГуфIэгъуэм щыгъуи дызэгъусэщ. Гуауэ къыкъуэкIмэ - абы и гугъу щIэпщIыххэн щыIэкъым.

Iэпэ угъурлыщ. А IитIым япщэфIа ерыскъым нэхъ IэфI, абы къапэхъун щыIэу сэ сщIэркъым.

Мис апхуэдэ хъугъуэфIыгъуэщ сэ сиIэр. Абы къыпэхъун уардэ уни маршынэ лъапIи дунейм теткъым.

Пщэдджыжь къэс сэ Тхьэм солъэIу. МащIэ цIыхур Тхьэм щIелъэIунур?! А си тхьэлъэIум и япэ псалъэхэм ящыщ: «Псори зэлъэIуу зыми емылъэIуж! Къэхъумэ, схуэгъэпсэу си шыпхъур. Узыншэ, насыпыфIэ схуэщI си шыпхъур!» Апхуэдэ фIыгъуэ уасэншэ - шыпхъу - зиIэхэр фымыщхьэх, пщэдджыжь къэс апхуэдэ тхьэрылъэIу фIурылъу нэху фыкъекI. Си гугъэщ Тхьэм фызэхихыну икIи къыфхуищIэну.

● Фэеплъ

# Зыри ящыгъупщакъым

**Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым зэIущIэ щекIуэкIащ «Книга памяти жертв политических репрессий» тхылъыр къызэрыдэкIам теухуауэ. Ар я фэеплъщ лIэщIыгъуэ кIуам властым лажьэншэу игъэкIуэда цIыхухэм.**

1920 - 1957 гъэхэм къриубыдэу, совет цIыхубэм бэлыхь куэд ирагъэшэчащ. Зи хэку зрагъэбгына, укIкIэ зи судыр ящIа, лажьэ зимыIэу ягъэкIуэда цIыхухэр бжыгъэншэщ. Ди къэралым и дэтхэнэ щIыналъэми хуэдэу, Къэбэрдей-Балъкъэрми «репрессиекIэ» зэджэ псалъэ шынагъуэм ижь къыщIимыхуу къэнакъым. Лъэпкъ мащIэу щыт, зауэ кIыхьхэм хэмыкIыу зи гъащIэр езыхьэкIа адыгэ лъэпкъым дежкIэ дэтхэнэ зы цIыхури лъапIэт. Ауэ сыт зэмани щыIащ мылъкумрэ къулыкъумрэ япэ изыгъэщхэр. Апхуэдэхэрщ лъэпкъкIуэдыр къытхуэзыгъакIуэу щытахэр. Ауэ дэ зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым лажьэншэу лей зытехьа дэтхэнэ зыри. Абыхэм я цIэ-унэцIэхэр зэхуэхьэсыжауэ зэрыт тхылъ иджыщ япэу дунейм къыщытехьар. «Книга памяти жертв политических репрессий» жыхуиIэ тхылъым куэд щыгуфIыкIащ. Зи адэ-анэ, дэлъху, шипхъу, адэшхуэ-анэшхуэ хъыбарыншэу зыфIэкIуэда нэхъыжь куэдым я благъэ, Iыхьлы, къыдалъхуахэр щIэрыщIэу щIылъэм къытехьэжауэ, къагъуэтыжауэ къащыхъуащ. ГуфIэгъуэ нэпс щIэзыгъэкIахэри щыIэщ.

Тхылъыр зэхэгъэувэным елэжьар КъБКъУ-м есэпымкIи кафедрэм и доцент, егъэджакIуэ Лафыщ Нинэщ. Абы щыгъуазэ дызэрищIамкIэ, ди университетым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэм щеджэ студентхэр тхылъым хуэлэжьащ: абы ихуа унэцIэхэр зэхуэхьэсынымкIэ, ар къыдэгъэкIынымкIэ щIэгъэкъуэнышхуэ хъуахэщ.

Лафыщ Нинэ тхыдэм елэжь лэжьакIуэкъым. ИкIи, ищхьэкIэ къызэрыхэдгъэщащи, есэпым и егъэджакIуэм апхуэдэ лэжьыгъэшхуэ и пщэм дилъхьэжыныр Iуэху цIыкIутэкъым. Тхылъым ягъэкIуэда цIыхухэм я цIэ-унэцIэм къинэмыщIауэ, къызыхэкIа унагъуэм, езыхэм IэщIагъэ-щIэныгъэу ябгъэдэлъам дыщегъэгъуазэ.

КъызэрахутамкIэ, ди цIыхухэм я нэхыбэр щаукIар Псыхуабэ къалэрщ. ПэжыпIэр яубзыхуным зэман куэд ихьащ.

«Си нэгу къыщIэнащ си анэшхуэм и теплъэр. Ар яшат Узбекистаным, ауэ гъэпщкIуарэ щэхуу икIи хьэпшып лъэпкъи имыIыгъыу къигъэзэжат и лъапсэжьым. Сыту жыпIэмэ, адрейхэми хуэдэу, и хъуэпсапIэт и адэжь лъахэу Балъкъыжь щыщIалъхьэжыныр. Ауэ яубыдыжри къыздикIыжа хамэщIым яшэжат», - игу къегъэкIыж Лафыщым. Нинэ и псалъэхэм къызэрыхэщымкIэ, «Фэеплъ тхылъыр» щигъэхьэзырым, абы иритхэну цIыхухэм я къекIуэкIыкIам щыгъуазэ зыхуищIа нэужь, къыщыхъуат дэтхэнэ зыри и благъэу, и Iыхьлыуэ.

- СэркIэ нэхъ шынагъуэу, хьэлъэу щытар тхылъыр къызэрыдэдгъэкIыну сомыр дызэримащIэрт, - жеIэ Нинэ. «Си гугъащ къамылэжьауэ, гуэныхьыншэу цIыху мин бжыгъэхэр щыкIуэдакIэ Правительствэм зыгуэркIэ зыкъытщIигъэкъуэну. Сыт хуэдэу щрырети, апхуэдэ лэжьыгъэр фэеплъщ. Ауэ жыIэн хуейщ тхылъыр дунейм къытехьэнымкIэ цIыху куэд сэбэп къызэрытхуэхъуар.

Я иужьрей сомымкIэ къыддэIэпыкъуа лIыжь-фызыжь куэди дарихьэлIащ. ТумэнитI нэхъ мыхъуми къахьурэ къыдатырт. ФIыщIэ псалъэкIэ дызыгъэгушхуаи щыIэт. Апхуэдэхэм къарууцIи къытхалъхьэрт.

1920 - 1957 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ цIыхуу ягъэкIуэдам теухуа хъыбархэр зэхуэхьэсыжауэ, зэгъэуIуауэ зэрыт тхылъ къыдэбгъэкIыныр лэжьыгъэшхуэщ, псапэ зыпылъ Iуэхугъуэщ, - жиIащ филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор Бакъ Зерэ, - зы цIыхум и лIэныгъэр гуауэщ, мин бжыгъэм я лIэныгъэр - гузэвэгъуэшхуэщ. Ди къэралым апхуэдэ бэлыхьым хигъэташ и цIыхухэр.

Лафыщ Нинэ фIыщIэ ин хуещI Котляровхэ Викторрэ Мариерэ, тхылъыр зыхуей хуэзауэ къыдэзыгъэкIахэм. Тхылъым минитI и бжыгъэу дунейм къытехьащ, абы и етIуанэ Iыхьэри мыгувэу хьэзыр хъунущ.

**МЭРЕМЫКЪУЭ Динарэ.**

# Джатокъуэхэ Адэлбийрэ Нащхъуэрэ

● Жьыщхьэ махуэ

**Гъащlэр матэщlэдзакъым, жеlэ адыгэм. Ар зыгъэунэхуахэм, гъащlэм гугъуехь куэд щызылъэгъуахэм ящыщщ Шытхьэлэ къуажэм щыпсэу зэщхьэгъусэхэу Джатокъуэхэ Адэлбийрэ Нащхъуэрэ.**

ЗИ САБИИГЪУЭ-къэжэпхъыгъуэр Хэку зауэшхуэм и зэманым ирихьэлIа дэтхэнэ ныбжьыщIэми хуэдэу, абыхэм къалэн хьэлъэ я пщэ къыдэхуат - Iэщэ къэзыщтэу нэмыцэ фашистхэм япэува балигъхэм я пIэкIэ абыхэм я лэжьыгъэр зэфIагъэкIын хуейт. Къэралыр бийм текIуэн папщIэ езыхэми куэд зэрелъытар нэсу зыхащIэу, я къарум къихьын-къимыхьыным емыгупсысу, абыхэм зрапщытащ IэнатIэ гугъухэм. Ахэр яхэтащ бийм и танкхэр республикэм кърамыгъэхьэн папщIэ щIыр дэзытIыкIахэм, колхоз Iэщхэр, республикэм и нэгъуэщI мылъкухэр зыхъумахэм, фронтым Iутхэм хурагъэшэну ерыскъыпхъэхэр къэзылэжьахэм. КIэщIу жыпIэмэ, вы зимыIэм шкIэ щIещIэ, жыхуаIэм хуэдэу, Адэлбийрэ Нащхъуэрэ, сабийуэ лэжьэн щIадзэри, гъавэгъэкIыу, Iэщыхъуэу, жэмышу губгъуэм итащ. Гугъуехь куэд я фэм дэкIами, я гур ямыгъэкIуэду, гъащIэм къахуихь сыт хуэдэ гуапагъэми щыгуфIыкIыфу, ар ягъэлъэпIэфу къэгъуэгурыкIуащ ахэр.

Зауэм къиша гузэвэгъуэхэр нэхъ текIуэта нэужь зэрыша ныбжьыщIэхэм гъащIэм гъуазэ щахуэхъуащ езыхэм я нэхъыжьхэм я зэхущытыкIэ дахэр икIи я унагъуэр абы трагъэпсыхьащ. Абы лъандэрэ илъэс 60 дэкIами, пщIэ, нэмыс я зэхуаку дэлъу, зэхуэсакъыу зэдопсэу Адэлбийрэ Нащхъуэрэ. Я щапхъэ, чэнджэщ дахэкIэ яущиящ, лэжьыгъэм щIапIыкIащ я бынхэу Iэсият, СулътIан, Нусэ, Руслан сыми. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми щIэныгъэ, IэщIагъэ ирагъэгъуэтауэ, унагъуэ дахэ хъужахэу мэпсэу. Нэхъыжь Iумахуэхэм нобэ гъащIэм хуагъэIущ, екIуу дунейм тетын зэрыхуейр гурагъаIуэ зыхуэгумащIэ я къуэрылъхупхъурылъху 11-м, абыхэм я щIэблэм.

Жьыщхьэ махуэ хъуауэ зыкъэзылъытэж зэщхьэгъусэхэр зэплъэкIыжмэ, жаIэфынущ я гъащIэм зыщыIууа сыт хуэдэ лъэпощхьэпоми щIэукIытэжын щыуагъэ яIэщIэмыщIэу зэрыпэлъэщар, цIыхухэм я губгъэн къызэрамыхьыным хущIэкъуу зэрыпсэуар. Ар, шэч хэмылъу, фIыгъуэшхуэщ дэтхэнэ цIыхум дежкIи.

Я лэжьыгъэфIым папщIэ Адэлбийрэ Нащхъуэрэ къэрал гулъыти ягъуэтащ - Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм хьэлэлу зэрылэжьам папщIэ медалхэр къыхуагъэфэщащ, «Лэжьыгъэм и ветеран» дамыгъэр, щIыхь, щытхъу тхылъ куэд къратащ.

Жылэм, лъэпкъым пщIэ зыхуащI нэхъыжьыфIхэм нобэ хъуэхъуакIуэ къахуэкIуэнущ я Iыхьлыхэр, благъэхэр, я ныбжьэгъухэр, зыдэлажьэу щытахэр - абыхэм я бынхэм хуагъэлъапIэ я адэ-анэр зэрызэдэпсэурэ илъэс 60 зэрырикъур.

Адэлбийрэ Нащхъуэрэ я бынхэм, я нысэхэм, я малъхъэм, я щIэблэм мыпхуэдэу зыхуагъазэ абыхэм:

**ПщIэ зыхуэтщI, фIыуэ тлъагъу папэ-мамэ, дадэ-нанэ Iумахуэхэ!**

**Ди гум фхуилъ IэфIагъ псори псалъэкIэ къэIуэтэгъуейщ. Фи жьауэр дэркIэ фIыгъуэ мылъытэщи, куэдрэ Тхьэм фытхуигъэпсэу! Фи лъапсэр хьэщIэ етIысэхыпIэрэ унапIэ махуэу илъэс 60 хъуауэ фыкъокIуэкIри, дяпэкIи фи Iэнэгум берычэтыр темыкIыу, фыузыншэу, фызэкъуэту, фи щIэблэм я насыпым, ехъулIэныгъэхэм фригушхуэу куэдрэ дяпэ Тхьэм фригъэт. ФызэгурыIуэрэ фызэдэIуэжу илъэс 60 хъуауэ фызэщIыгъущи, фи пщIэр лъагэу, цIыхухэм фазэрыхуэупсэ гуапагъэр минкIэ бэгъуауэ къыфхэхъуэжу, фызыщIэхъуэпс псори къывэхъулIэу илъэсищэкIэ фызэдэпсэуну ди гуапэщ.**

Лъэпкъым и пщIэм хэзыгъахъуэу псэу Джатокъуэхэ Адэлбийрэ Нащхъуэрэ зыцIыху дэтхэнэри а хъуэхъум арэзы техъуэну ди гугъэщи, ар къабыл Тхьэм ищI!

**САНЭ Маринэ.**

● Футбол

# Къэрэгъэш къикIахэр токIуэ

**Прохладнэ муниципальнэ районым щыщ Екатериноградскэ станицэм и спорт комплексым Говоров А.И. и фэеплъу щрагъэкIуэкIащ 1996 - 1997 гъэхэм къалъхуа ныбжьыщIэхэм минифутболымкIэ я щIыналъэ зэхуаку зэхьэзэхуэ. Ар къызэрагъэпэщащ Петровхэ я цIэр зезыхьэ колхозымрэ «Колос» сабий-ныбжьыщIэ спорт школымрэ.**

МЫ ЗЭХЬЭЗЭХУЭР илъэс ещанэ хъуауэ ирагъэкIуэкI. Ар зыхуагъэпс Говоров Анатолий Иван и къуэр мы станицэм къыщалъхуащ икIи лIэжыху щыпсэуащ, 1996 гъэм щегъэжьауэ 2004 гъэм нэсыху Петровхэ я цIэ зезыхьэ колхозым и унафэщIу щытащ. ЗэхъуэкIыныгъэхэм я илъэс хьэлъэхэм а унафэщI IэкIуэлъакIуэм колхозыр къызэрызэтригъэнам къыщымынэу, абы Приближнэ станицэм Жук и цIэкIэ щыIэ колхозри къыгуигъэхьэжащ. Мы хозяйствэ лъэщыр районым и мызакъуэу республикэ псом щыпашэу щытащ. Говоров Анатолий КъБР-м и Парламентым и япэ, етIуанэ хэхыгъуэхэм я депутату щытащ, дамыгъэ лъапIэ зыбжанэ къыхуагъэфэщащ. Абы и цIэр фIащащ Екатериноградскэ станицэм и уэрамхэм ящыщ зым.

Футболист ныбжьыщIэхэм я зэхьэзэхуэм хэтащ Ингушым, Осетие Ищхъэрэм-Аланием щыщхэри. Зэпеуэ гуащIэм щытекIуащ Къэрэгъэш щыщ спортсмен ныбжьыщIэхэр, етIуанэ увыпIэр Екатериноградскэ станицэм, ещанэр - Мэлгъэбэг къалэм къикIа хьэщIэхэм къахьащ.

**ЛУПЫРЁВЭ Иринэ.**

● Iулъхьэ

# ЩIэпхъаджагъэр къыщIэкIуакъым

**Иджыблагъэ Дзэлыкъуэ район судым унафэ трищIыхьащ хабзэншагъэ илэжьын папщIэ Iулъхьэ къыIихыу къаумыса Косиянов А. С. теухуа уголовнэ Iуэхум. Iуэхур зэрекIуэкIар мыпхуэдэущ.**

ДЗЭЛЫКЪУЭ куеймкIэ ОВД-м и ОГИБДД-м и инспектор Къардэн М. М. Къущхьэ А. М. теухуауэ протоколхэр итхауэ щытащ абы УФ-м и КоАП-м и 12.8-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм къыщыгъэлъэгъуа хабзэншагъэхэр зэрилэжьам теухуауэ. Абыхэм япкъ иткIэ, Къущхьэ А. М. и автомашинэр яубыдын хуейт.

Апхуэдэуи ящIащ. А протоколхэм япкъ иткIэ, Къущхьэ А. М. и «ВАЗ-2107» автомашинэр Дзэлыкъуэ куеймкIэ ОВД-м и пщIантIэм яшащ икIи абы щахъумэн папщIэ дагъэуващ.

А махуэ дыдэм Къардэн М. М. Къущхьэ А. М. теухуа протоколхэр хабзэм тету иратащ Дзэлыкъуэ куеймкIэ ОВД-м и ОГИБДД-м. Iуэхур Iэрыхьащ ОГИБДД-м административнэ законодательствэр гъэзэщIэнымкIэ и инспекторым и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ Косиянов А. С.

ЕтIуанэ махуэм Къущхьэ А. М. IуэхущIапIэм кIуащ. Ар Косиянов А. С. елъэIуащ къытраха машинэр иритыжыну.

Яубыда транспортыр хъумэным, къагъэсэбэпыну хуит мыщIыным теухуа хабзэхэу УФ-м и Правительствэм 2003 гъэм дыгъэгъазэм и 18-м къищта унафэм щыубзыхуахэр къызэпиудри, къулыкъущIэр арэзы хъуащ автомашинэр ар зытрахам къритыжыну. Ауэ и къулыкъур къигъэсэбэпри, Косиянов А. С. Къущхьэ А. М. хуигъэуващ Iулъхьэу сом мини 10 къритыну.

Аргуэру зы махуэ нэхъ дэмыкIыу Къущхьэ А. М. Дзэлыкъуэ куеймкIэ ОВД-м и ОГИБДД-м и унэм кIуащ. Мыбдеж абы къыщыпэплъэрт Косиянов А. С. Япэрейм жиIащ сом мини 5 фIэкIа зэримыIыгъыр, апхуэдэуи елъэIуащ а ахъшэм фIэкIа иримыту автомашинэр къыIэригъэхьэжыну. Косиянов А. С. абыкIэ арэзы хъуащ. Къэдгъэлъэгъуа ахъшэр Къущхьэ А. М. кIэлындорым къыщыщыIихым Косияновыр яубыдащ УФ-м и ФСБ-м КъБР-мкIэ и IэнатIэм Дзэлыкъуэ куейм щиIэ къудамэмрэ КъБР-мкIэ МВД-м и ОСБ-мрэ я лэжьакIуэхэм.

Iуэхур щызэхагъэкIыми судым щыхэплъэми, Косиянов А. С. езым щIэпхъаджагъэ зэрилэжьамкIэ заригъэумысыжакъым.

Дзэлыкъуэ куей судым Косиянов А. С. зи гугъу тщIы щIэпхъаджагъэмкIэ игъэкъуэншащ икIи илъэсищкIэ лъэхъуэщым исыну тезыр трилъхьащ.

***КъБР-м и прокуратурэм и пресс-IуэхущIапIэ.***

# Дызэкъуэтмэ, дылъэщщ

КУБАНЫМ Лъэпкъ щэнхабзэхэмкIэ и щIыналъэ центрым и жэрдэмкIэ къызэрагъэпэщауэ илъэсибл и пэкIэ екIуэкIа щIалэгъуалэ фестивалыр апхуэдизкIэ гъэщIэгъуэн, щIэщыгъуэ хъуати, абы и зэхэублакIуэхэм мурад ящIат а Iуэху дахэм адэкIи къыпащэну. «Кубаным и щэнхабзэ зэпыщIэныгъэхэр» фестивалым зиубгъуащ, щIыпIэ зыбжанэ къызэщIиубыдэу Краснодар крайм щекIуэкI хъуащ. Уэрэд жыIэным къыдэкIуэу, абы хагъэхьащ лъэпкъ фащэхэм, хьэпшып зэмылIэужьыгъуэхэм я гъэлъэгъуэныгъэхэри. 2010 гъэм екIуэкIа зэхыхьэм и дипломант хъуащ къэфакIуэ гупхэу «Iуащхьэмахуэ» (Краснодар къалэ), «Шапсыгъ» (Сочэ къалэ), «Сэлам», «Легенда Кавказа» (Армавир къалэ), «Шапсыгъ пшэплъхэр» сабий ансамблыр (Агуей-Шапсыгъ къуажэ).

ЗэIущIэр нэхъыбэу зытегъэщIа щIалэгъуалэр Iэгуауэм щысхьакъым, гуфIэгъуэмрэ дахагъэмрэ щыкуэд пшыхь хъуащ ар. Абы хэтащ щIыпIэм щыпсэу лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэу 20-м я лIыкIуэхэр. Сыхьэтитхум щIигъукIэ екIуэкIа фестивалым зыкъыщагъэлъэгъуащ Краснодар, Сочэ, Белореченск, Геленджик, Анапэ, Армавир, нэгъуэщIхэми щыщ уэрэджыIакIуэ, къэфакIуэ гупхэм. Абыхэм я лъэпкъ щэнхабзэр зэтемыхуэми, зэгъусэу екIуу утыкум зэритым къигъэлъагъуэрт зэныбжьэгъугъэм нэхъ лъапIэ зэрыщымыIэр.

- Зэкъуэтыныгъэмрэ зэныбжьэгъугъэмрэ дыкъыхуезыджэ пшыхьым къыщытIэта Iуэхугъуэр нобэрей ди гъащIэм увыпIэшхуэ щызыубыдщ, - жиIащ Адыгэ Республикэм и лIыкIуэу Краснодар крайм и администрацэм щыIэ СхьэпцIэжыкъуэ Аслъэн. - Лъэпкъ куэд щыпсэу щIыналъэм и ныбжьыщIэхэр мамырыгъэм, зэгурыIуэм, зэныбжьэгъугъэм щIэпIыкIын, хуэгъэсэн хуейщ. «Дызэкъуэтмэ, дылъэщщ» къыхуеджэныгъэм щIэт ди зэхыхьэр абы и лъэныкъуэкIэ икъукIэ щхьэпэщ.

*Тхыгъэри сурэтхэри* **НЫБЭ Анзор** *ейщ.*

# ЦIыпIынэ Аслъэн и цIэр зэи кIуэдынукъым

● Фэеплъ

«Кавказ джэгухэр» зэпеуэр *(КъШР, Хьэбэз къуажэ)* щекIуэкI щIыпIэм дащIыхьа Адыгэ пщIантIэр Хлопонин Александррэ Къанокъуэ Арсенрэ ярегъэлъагъу. *2010 гъэ*

ЦIыпIынэ Аслъэн. *2010 гъэ, накъыгъэ мазэ.*

## Лъэпкъым и джакIуэ

ШЭЧ КЪЫТЕСХЬЭРКЪЫМ ЦIыпIынэ Аслъэн и цIэр адыгэ щэнхабзэм и тхыдэм фIыкIэ къызэрыхэнэнум. Ар дунейм тетащ цIыху дахэу, IуэрыIуатэм, адыгэ шыфэлIыфэм, хабзэм, лъэпкъым псэ хьэлэлкIэ яхуэлажьэу. Ныбжьэгъу куэд иIащ абы. Жылагъуэ утыкум къихьэ дэтхэнэ зы цIыхуми хуэдэу, жагъуэгъу гуэрхэри иIауэ къыщIэкIынщ. Ар ямыгъэпсалъэу, гъуанэдэууэ зыукIахэм я хьэкумыр Алыхьым ищIэнщ.

«ЦIыху нэхъыбэ, адыгэ куэд дгъэгуIэнщ, я гур ткъутэнщ, гуауэ бжыгъэншэ тхыдэм щызылъэгъуа лъэпкъым иджыри зы удын еддзынщ» жаIамэ, ар яхузэфIэкIащ жагъуэгъухэм, сыту жыпIэмэ, ЦIыпIынэ Аслъэн фIы дыдэу къалъагъурт ныбжьэгъухэм, газетеджэхэм, телевизореплъхэм, махуэшхуэхэм уэрамым къыдыхьэхэм. Достоевский Федор жиIащ: «Дунейр дахагъэм ихъумэнущ». А псалъэхэр цIэрыIуэ хъуащ, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, Аслъэн и гъащIэр дахагъэм къихъумакъым...

ЦIыху Iущ щыIэхэщ, къекIуэкI Iуэхухэм кууэ хэплъэфу, е къэкIуэну зэманым пхрыплъыфу, зэрапщыту. Аслъэн ящыщт апхуэдэхэм - «жыжьэ дыдэ зэплъэкIыжыфхэм». Ар хуейт къихутэну адыгэ къуэпсыр къыщежьа лъэхъэнэр, лъэпкъым и гъащIэм хабзэхэр къызэрыхыхьахэр. IуэрыIуатэм елэжьурэ, Аслъэн къихутащ адыгэ хабзэмрэ мажусий динымрэ зэрызэхуэщытыр. Абы къикIыркъым щIэныгъэлIыр мажусий диным и телъхьэу щытауэ. А диным дунейм тет лъэпкъ псори илъэс минищэ бжыгъэкIэ итащ, ауэ къызэранэкIащ цIыхухэм я зэхэщIыкIыр нэхъ лъагэ щыхъум. Абыхэм зратащ муслъымэн, чристэн, иудаизм, буддизм динхэм.

Адыгэхэр илъэсищэ зыбжанэ хъуауэ муслъымэнхэщ. Динымрэ адыгэ хабзэмрэ зэIэпэгъуу къыдогъуэгурыкIуэ ди лъэпкъым. Ди гъащIэм нобэ хэпща хъуащ диным пыщIа дауэдапщэхэри адыгэ хабзэ къулейм, дуней псом къыщацIыхум, къигъэщIа хабзэхэри. Ахэр зэIэпэгъущ икIи зэпэщIэбгъэувэ хъунукъым. Динми адыгэ хабзэми я къалэн нэхъыщхьэр зэтохуэ: цIыхур къабзэ щIын, гуэныхь зыпылъ Iуэхугъуэхэр емыгъэлэжьын, цIыху псори зэхуэгъэдэн, псапэ щIэн, н.къ.

ЦIыпIынэ Аслъэн и мурадащ ахэр къихутэну, лъэхъэнэ къэскIэ хабзэ дахэу (иужьрей зэманри хэту) къекIуэкIахэм я нэхъыфIыр зэригъэуIуну, ар къызэрыгуэкI цIыхум и пащхьэм ирилъхьэну... Ауэ зэмыжьа ажалым хунигъэсакъым.

Аслъэн илэжьа IуэхуфIхэр къэпIуэтэжын папщIэ зэман куэд ухуейщ, газетым и напэкIуэцIми ихуэнукъым. Сэ кIэщIу сыкъытеувыIэну сфIэигъуэщ абы хьэлу иIахэм. Аслъэн ныбжьэгъу куэд щиIащ Тыркум, Иорданием, Сирием, Абхъазым, Дагъыстэным, Шэшэным, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм, Шапсыгъым. Ахэр къыдахьэхырт ЦIыпIынэм и хьэщIагъэм, хьэлэлагъым, адыгагъэм, и гушыIэкIэ дахэм.

Ныбжьэгъухэр иIыгъынымкIэ Аслъэн и щIыбагъым къыдэтт и унагъуэр, псом хуэмыдэу и анэ Цацэ. Ди зэманым Цацэ хуэдэу лIыгъэрэ (мы эпитетыр цIыхубзым хужаIэкъым, ауэ къэзгъэсэбэпмэ, сфIэигъуэщ) адыгагъэрэ, Iущыгъэрэ шыIэныгъэрэ зиIэ нэхъыжь куэд щыIэжкъым. Аслъэн щаукIами, къыкIэлъыкIуэ махуэ зыбжанэми сыкIэлъыплъат Цаци, абы зэрызиIыгъым, гуIэгъуэр зэришэчым хьэкъыу си фIэщ ищIащ а бзылъхугъэм ипIахэр нэгъэсауэ зэрыцIыху щыпкъэр. Iэщэм шэуэ ирагъэкIыр псом япэ зытехуэр анэм игурауэ къыщIэкIынщ. Аслъэн трагъэпса шэри езым и мызакъуэу Цаци къытехуагъэнт, ауэ и акъылыр гуауэм щхьэщихуакъым, и хабзэр IэщIэхуакъым и къуэ закъуэр гуузу щигъейм, итIани пщIантIэм къыдыхьа псоми яжриIэн псалъэ къигъуэтащ.

Аслъэн и анэм игъэгушхуэу тетащ дунейм, я унэбжэр хьэщIэкIэ сыт щыгъуи зэIухат. И къуэм и гъусэу жэщыбгым къеблэгъа и ныбжьэгъухэми гуфIэу къапежьэрт Цацэ, и Iэнэр берычэтт, и гушыIэкIэр дахэт. НэгъуэщI республикэ, къэрал щыщу Аслъэн и ныбжьэгъу хьэщIэ IуэхукIэ къэкIуамэ, хьэщIэщым игъэкIуэнутэкъым, атIэ езым я деж ишэнурэ, махуэ бжыгъэкIэ щигъэIэнут. Ахэр щыкIуэжкIэ фIыщIэ зыхуащIыр ЦIыпIынэ Аслъэн и унагъуэм и закъуэтэкъым, атIэ Къэбэрдейр, адыгэ псори яIэтырт, лъэпкъым и пщIэр ягъэбагъуэрт.

Сэри Къэрэшей-Шэрджэсым сыкъикIыу Аслъэн щылэжьа институтым сыкъызэрыкIуэу, шыгъупIастэ къысхуищтат а щIалэ Iумахуэм, куэд дэмыкIыу и унагъуэми сишэри, сигъэцIыхуат. Абы лъандэрэ ерыскъы IэфIи зэдэтшхащ, ныбжьэгъуи дызэхуэхъуащ. Аслъэн цIыхугъэ, хэлъэт, гулъытэ зиIэ адыгэ щIалэти, сыт хуэдэ Iуэхури зэрыпхуигъэпсынщIэным хэтт. Алыхьым кърита зэфIэкI инрэ акъыл жанри, Iуэху зыбжанэ зэдихьыфырт. Аращ абы Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ институтми КъБКъУ-ми щекIуэкI лэжьыгъэхэм, хьэгъуэлIыгъуэхэм, къалэм щекIуэкI дауэдапщэхэм и гуащIэ хилъхьэфу щIыщытар.

Лъэпкъ къэс адрейхэм къащхьэщызыгъэкI псэукIэ, гупсысэкIэ, унэ ухуэкIэ, хабзэ, уэрэд жыIэкIэ, къэфэкIэ яIэжщ. Апхуэдэ хьэлэмэтхэм, хъугъуэфIыгъуэхэм еплъын папщIэ туристхэм ахъшэшхуэ щIатри, гъуэгуанэ кIыхьхэр зэпаупщI, нэгъуэщI къэралхэм макIуэ. Адыгэхэм ди мащIэкъым дызэрыпагэ хъун хабзэхэр, дауэдапщэхэр, ауэ абы щыщ куэд дэдзыха хъуащ. Ахэр сэтей къэщIыжыным, ди фIыр, ди дахагъэр зэфIэгъэувэжыным и псэ емыблэжу телэжьащ ЦIыпIынэ Аслъэн. Къэтщтэнщ ди хьэгъуэлIыгъуэхэр. Сыт хуэдиз дахагъэ хилъхьа абыхэм. Сытым хуэдэу дахэу къафэрэт езы Аслъэн! И шы тесыкIэ къудейр сыт и уасэт!

Адыгэшхэр уардэу щигъэлъагъуэрт къалэм и уэрам нэхъыщхьэм. Ди къалэм «музейм къыщIэнэжа» фащэр щитIэгъэну хэтт. Зи блэкIар зыщыгъупщэ лъэпкъым къэкIуэн зэримыIэр хьэкъыу къыгурыIуэрт абы. Ди тхыдэм и беягъыр, анэдэлъхубзэм и шэрыуагъыр, щэнхабзэр зэрыплъыфэбэр, щIэблэр зыщIэпIыкIыпхъэ хабзэ дахэхэр иджырей зэманым хиухуанэрт Аслъэн. Абы и лэжьыгъэри, и цIэри зэи кIуэдынукъым. Ауэ зы упщIэм сегъэпIейтей: къытхэкIыну пIэрэ Аслъэн лъэпкъым хуищIам адэкIэ пызыщэн?..

**БАКIУУ Хьэнджэрий,**
*филологие щIэныгъэхэм я доктор.*

## Адыгэ псоми къеуащ

ДАУИ, IуэхуфI гуэрым сытепсэлъыхьыныр нэхъ тыншт, ауэ махуэ дэмыкIыу зэхэтх хъыбар гуауэхэм дагъэнэщхъей. Зыр зым кIэлъыкIуэу ди цIыхухэр мэкIуэд. Щхьэусыгъуэ гуэркIэ зэпэщIэува хъуа ди лъахэгъухэм я деж нэхъыбэ щохъу лIыукIхэмрэ абыхэм яIэщIэкIуадэхэмрэ. Милицэхэр, щакIуэхэр, хьэрычэтыщIэхэр, диным хуэлажьэхэр, щIэныгъэлIхэр... Хэт адэкIэ?

Мажусий диным зэрытепсэлъыхьым щхьэкIэ щIэныгъэлI-этнографыр букIыным къикIыр сыт хуэдэ лъэпкъми нэхъ лъапIэ дыдэу иIэр - лъэпкъ щэнхабзэр хъумэныр - бгъэкIуэдыныршщ. Ди адэжьхэм къащIэна хъугъуэфIыгъуэр пхъумэн папщIэ пщIэн хуейщ пасэрей хабзэхэр, ящыгъупщэжахэмрэ яIэщIэхужахэмрэ къэбгъэщIэрэщIэжыныр Iэмал зимыIэщ. Хабзэр кIуэдмэ, лъэпкъри кIуэдауэ аращ.

ЦIыпIынэ Аслъэн зэраукIар удыну къытехуащ адыгэ лъэпкъ щэнхабзэм.

ЛIэщIыгъуэ блэкIахэм дэкъузэныгъэ куэд щыIащ. Иужьрей илъэс пщIы бжыгъэхэм гупсысэхэр нэхъ хуит зэрыхъуам къегъэлъагъуэ цIыхубэм жэуаплыныгъэ нэхъыбэ яхэлъ зэрыхъуар. Арауэ пIэрэ атIэ зыхуэмейр мафIэсхэмрэ укIыгъэхэмрэ къызэзыгъэпэщхэр. Ахэр хуабжьу арэзы къэщI цIыхубэм жыджэрагъ яхэмылъу, я пIэм иуджыхьу псэуным. ЩIэ е сэбэпынагъ зыпылъ гуэри къагупсысакъым а лIыукIхэм, абы къыхэкIыуи щIэх дыдэ кIуэдыжынущ. ЩIэныгъэмрэ щэнхабзэмрэ я нэ хур зэи пхуэгъэкIуэдынукъым, тхылъ псори пхуэгъэсынукъым.

Iэмал имыIэу ядэлэжьэн хуейщ КъурIэныр яIэщIэмылъу, ауэ зыгуэрым жиIэм едаIуэурэ щIэпхъаджагъэ зыщIэхэм. Властымрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ егугъун хуейщ псэукIэр егъэфIэкIуэным. Дэтхэнэ зыри зэкIуалIэ хъун, психологие дэIэпыкъуныгъэ щагъуэтын, щытыкIэ гугъу ихуахэм щадэIэпыкъун IуэхущIапIэ гуэр къызэгъэпэщыпхъэщ.

Хуабжьу гугъущ дызэрыхуа щытыкIэр: щIэпхъаджащIэхэм ягу зэбгъахэр къыдашурэ яукI. Ауэ мывэрэ пэт, быдэ гуэркIэ уеуэмэ, хъуаскIэ къыдех. АтIэ цIыхум и гум, и щхьэм, и псэм нэхъыбэ хузэфIэкIын хуейкъэ?! Нобэ хабзэншагъэ зылэжьхэр куэдкIэ нэхъ мащIэщ зэкъуэувэу «щIэпхъаджагъэм дрибийщ» жызыIэфынухэм нэхърэ.

**КОТЛЯР ОВЭ Марие,**
*КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэт.*

## ЦIыхугъэ лъагэ

СЭ АСЛЪЭН университетым щыщIэса лъэхъэнэ лъандэрэ соцIыху. Ар нэхъыжь курсхэм нэсауэ сэ университетым сыщIэтIысхьат. Абы щыгъуэм лъэпкъ къафэмкIэ гупжьей иIэти, ди курсым хэс щIалэхэр (сэ, Тембот Артур, Бэрэздж Эдуард) дригъэблэгъат. А лъэхъэнэми дэ дгъэщIагъ уэрт Аслъэн сыт хуэдэ лэжьыгъэми зэрызыпыIуимыдзыр, жэрдэмышхуэ хэлъу Iуэху зэрыпэрыхьэр. Университетыр къэдухри, дызэбгрыкIащ икIи щIэныгъэ гъуэгум дытехьа нэужь дызэхуэзэжащ. Ар япэу къыщыхъуар ди еджакIуэ Быхъурэ Мухьэмэд и кандидат лэжьыгъэр щыпхигъэкIым щыгъуэт. Аслъэн Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ институтым къыщыдэлажьэ щIалэщIэм и зэфIэкIыр зэригъэлъагъуэм кIэлъыплъыну къэкIуауэ арат.

Абы щегъэ жьауэ Аслъэн сэрэ щIэх-щIэхыурэ дызэху эзэрт. Дызэныбжьэгъут, дызэлэжьэгъут. Псэлъэгъу Iущт ар, чэнджэщэгъу ахъырзэмант. Сыт хуэдэ упщIэкIэ зыху эбгъазэми, жэуап купщIафIэ къуитынут, пэжым утригъэгушхуэнут.

Аслъэн сэрэ дызэхуэзат иджыпсту кафедрэм къыщыздэлажьэ Бозий Наимэрэ Хэжь Еленэрэ я кандидат лэжьыгъэхэр щыпхагъэкIми. Мис ахэр щылажьэ кафедрэрщ Аслъэн зи унафэщI хъуар.

2008 гъэм и пэщIэдзэм КъБКъУ-м ФилологиемкIэ и институтым Кавказ Ищхъэрэм ис лъэпкъхэм я литературэмрэ IуэрыIуатэмкIэ и кафедрэм и унафэщIу ягъэува нэужь, ЦIыпIынэ Аслъэн гъунэгъу дыдэ тхуэхъуащ, ауэ кIыхьтэкъым ди творческэ зэдэлэжьэныгъэмрэ ныбжьэгъугъэмрэ.

Ар сытым дежи адрейхэм къахэзыгъэщ хьэл иIэт: псом япэрауэ Iуэху м ху эжыджэрт, и лэжьэгъухэм я Iуэ ху еплъыкIэм пщIэ хуищIырт, и гулъытэр псоми ялъигъэсырт. Езым и щхьэ Iуэхум нэхърэ цIыхубэм, жылагъуэм ехьэлIа Iуэхугъуэхэр япэ зэрыригъэщыкIэ зыми ещхьтэкъым ар.

Университетым адыгэ литературэр щезыгъэдж гуп 2010 гъэм щэкIуэгъуэм и кIэм Къубэ-Тэбэ къ уажэм дэт курыт еджапIэхэм дыщыIащ, 9 - 11-нэ классхэм щIэс сабийхэм дахуэзэну. Аслъэн езыр рулым дэсу и машинэмкIэ дишэри дыкъишэжащ. ЕдгъэкIуэкIа лэжьыгъэм къырикIуахэр зэхэтлъхьэжу, псори зэфIэдгъэкIа нэужь, Аслъэн дригъэблэгъат и хьэщIэщ цIэрыIуэм, и анэ Цацэ ипщэфIа ерыскъыхэр дигъэшхыну. А махуэм къыдбгъэдэсащ Аслъэн и гъ усэу къалъхуа и шыпхъури.

Иужьрей махуэми сыхуэзащ сэ Аслъэн. Ар дыгъэгъазэм и 29-рщ. Ди лэжьэгъухэу Хэжь Еленэ, Бозий Наимэ, Къардэн Марьянэ сымэ я гъусэу дытепсэлъыхьат студентхэм я щIымахуэ экзамен тыгъуэхэр къызэрыблагъэм, ар гугъуехьыншэу зэфIэгъэкIын зэрыхуейм. Ар апх уэдизкIэ студентхэм яхуэнабдзэгубдзаплъэти, гу лъумытэнкIэ Iэмал иIэтэкъым. А маху эми апху эдэт.

Мурад куэдыщэ иIэт Аслъэн. Ауэ ахэр зэщIа хъуну Алыхьым иухатэкъым. Ар къызэрытхэтам хуэдэу цIыху гуапэу ди гум къинэнущ икIи куэдрэ дахуэныкъуэнущ и лэжьыгъэ къызэгъэпэщыкIэм, и Iуэху зехьэкIэм, и цIыхугъэ лъагэм.

**АБАЗЭ Албэч,**
*КъБКъУ-м ФилологиемкIэ и институтым Кавказ Ищхъэрэм ис лъэпкъхэм я литературэмрэ IуэрыIуатэмкIэ и кафедрэм и доцент.*

## Жьым щхьэ ядишхырт

СЫТЫМ дежи нэжэгужэу, гушыIэр и Iэпэгъуу къытхэтащ ди кафедрэм и унафэщI ЦIыпIынэ Аслъэн. ЦIыху пэжу, захуагъэм и телъхьэу, зэхэщIыкI куу иIэу зэрыщытам къыхэкIкIэ, тыншт абы удэлэжьэну. Дэтхэнэ и зы лэжьэгъуми бгъэдыхьэкIэ зырыз къыхуигъуэтырт, ди жагъуэ къимыщIу, зыхуейр къыдгуригъаIуэрт. Ар зи псалъэм тебгъуэтэж адыгэлIт.

ЦIыхугъэ лъагэ хэлъащ Аслъэн. Жыджэру, нэжэгужэу щытти, сыт хуэдэ гупми хэзагъэрт икIи ядекIуэрт. Адыгэм зэрыжиIащи, жьым щхьэ ядишхырт, щIэм лъакъуэ ядишхырт.

Псэ къабзэ зиIэ, гуапагъэр зи нэгум кърих егъэджакIуэр аудиторием щыщIэтым деж, IуэрыIуатэм теухуа лекцэ студентхэм къащыхуеджэкIэ, гухэхъуэт укIэлъыплъыну. ЦIыпIынэм студентхэр фIыуэ илъагъуэрт, абыхэм сыт хуэдэ лъэныкъуэкIи ядэIэпыкъурт, щIэгъэкъуэн, чэнджэщэгъу яхуэхъурт. Апхуэдэу зэрыпсэуам и щыхьэтщ Аслъэн и иужьрей махуэр. Пщэдджыжьым щыщIэдзауэ сыхьэтитхум нэблэгъэху студентхэм ядэлэжьащ, епсэлъылIащ хэт сыт хуэдэ гуныкъуэгъуэ иIэми зригъащIэу. Сыт и уасэ псэлъэгъут ар езыр!

Кафедрэм и лэжьакIуэхэм ди фIэщ тхуэщIыркъым Аслъэн мыпсэужу. Бжэр къыIуихыу къыщIыхьэну къытщохъу.

Зэманыр гущIэгъуншэщ, унэщхъейкIи, унэщхъыфIэкIи абы гу къыплъимытэу блож. Ауэ си фIэщ хъуркъым Аслъэн кафедрэм и лэжьакIуэхэм щIэх ящыгъупщэну.

**БОЗИЙ Наимэ,**
*КъБКъУ-м ФилологиемкIэ и институтым Кавказ Ищхъэрэм ис лъэпкъхэм я литературэмрэ IуэрыIуатэмкIэ и кафедрэм и егъэджакIуэ нэхъыжь.*

## Акъылым идэркъым

«Щхьэщытхъуагъ хэлъу къывгурыIуэну сыхуейкъым, ауэ сыт хуэдэ Iуэху зезмыхуэми, псом япэ ситын хуейуэ къысфIощI. Бжьэ згъэхъумэ, си фор псоми яцIыхун хуейщ, шы зесхуэмэ, сишхэр псоми къахэщын хуейщ, си щIалэгъуэу мэкъу къэсшэжамэ, а си мэкъу Iэтэ дыдэри адрейхэм нэхърэ нэхъ лъагэу щытын хуейт... Араци, «сыхуейуэ сщIэкъым» жыфIэу лэжьыгъэм ехьэлIа лъагапIэхэм фыхущIэмыкъуныр къызгурыIуэркъым!» - апхуэдэу зэгуэрым сэрэ къыздэлажьэ цIыхубз цIыкIумрэ диущийуэ мащIэу къыпыгуфIыкIыурэ къыджиIауэ щытат Аслъэн... И псалъэхэм гушыIэ хилъхьами, пэжыр нэхъыбэу зэрыщытыр а лIы щэджащэр зыцIыхуа дэтхэнэми фIыуэ къыгурыIуэнущ...

Ди лъэпкъым и хабзэ дахэхэм, ди цIыхухэм я теплъэ уардэм и хъумакIуэу, ахэр ди къэралми, дуней псоми екIуу щызыгъэлъэгъуэфу щыта щIэныгъэлIыр зэран зыхуэхъуфар хэтми акъылым къитIасэркъым! Дуней мамырым, унагъуэ берычэтым, лъагъуныгъэ къабзэм, адыгэ хабзэм ухуэзыущий гупсысэ фIэкIа къыпкърыкIыртэкъым абы.

И лэжьэгъухэм ди ныбжьэгъуфIт, иригъаджэ ныбжьыщIэхэм я чэнджэщэгъут, уеблэмэ, я щхьэщыж дыди хъурт. Зэманыр къемэщIэкIми, дэтхэнэми сэбэп хуэхъуну зэрыхущIэкъур дэплъагъурт. Зы махуэ кIэщIым къриубыдэу и пщэм дилъхьэж Iуэхухэм я куэдагъыр зы цIыхум хузэфIэкIыну фIэщщIыгъуейт. АтIэми Аслъэн хузэфIэкIырт!

...Адэ-анэр зыщхьэщыхуа сабийм хуэдэу, ЦIыпIынэ Аслъэн и лIэныгъэм куэд зеиншэ дищIащ. Дощыгъуэ... Ауэ ди Iэр етхьэхыу дытIысыж хъунукъым!

Къыхуиуха зэманыр мащIэ дыдэу щытми, ЦIыпIынэ Аслъэн щапхъэфIу тлъэгъуащ. Ар дигу илъу, абы дыхуэфащэу, и Iуэхур дгъэкIуатэу, къэкIуэну щIэблэми Аслъэн и цIэр ящыдмыгъэгъупщэу дыпсэун хуейщ!

**ЕЗАУЭ Мадинэ,**
*КъБКъУ-м ФилологиемкIэ и институтым адыгэбзэмкIэ и кафедрэм и егъэджакIуэ нэхъыжь.*

## Зэ нэхъ мыхъуми

ТЫРКУМ анэдэлъхубзэр щезыгъэдж гупыр 2010 гъэм Налшык дынэкIуат ди щIэныгъэм, Iэзагъым хэдгъэхъуэну. Абы дызэрыщыIа махуэхэм къыддэлэжьэн хуейуэ къалэн зиIахэм ящыщт ЦIыпIынэ Аслъэ- ни.

Адыгэ жылагъуэ Iуэху куэд зи пщэ дэлъ а лIы Iущым дыщыхуэзам махуэ къэси зэфIигъэкIхэм хуэдэ зы къалэн къыпэщылъу къыщIэкIащ. «ЕмыкIу сыкъэвмыщI, ауэ Iэмалыншэу сыдэкIын хуейщи, къэзгъэзэжмэ, дызэдэлэжьэнщ», - жиIэри ежьат. Хэкужьым дыщыIэну къытхуэнэжа махуэхэри зэрымащIэ дыдэм къыхэкIыу Аслъэн дыхуэзэжатэкъым, депсэлъэнуи Iэмал диIатэкъым. Абы щIэщыгъуэ, гъэщIэгъуэн куэдым дызэрыщигъэгъуэзэнур къыджаIати, гугъэфIхэр диIэу дыкъэкIуэжат, етIанэгъэ дыкъакIуэмэ, Iэмал имыIэу дыбгъэдэсынщ, жытIэри. АрщхьэкIэ хъыбар гуауэ къытщIэIуащ.

Дэ дыхуэарэзыщ Аслъэн. Куэд нэхърэ нэхъ къэтщтэнт, абы Хэкужьым зэ нэхъ мыхъуми дыщыхуэзэжыну... ЗдэкIуам Тхьэм щигъэтынш. И псэр зыгъэгуфIэн щIэблэ куэд Адыгэ Хэкум Тхьэм кърит!

***Тыркум анэдэлъхубзэр щезыгъэдж гупым къабгъэдэкIыу.***

## ЛIы пашэм и зэфIэкI

ЦIЫПIЫНЭ Аслъэн и зэфIэкIым куэд щIауэ сыщыгъуазэт, ауэ нэхъ гъ унэгъу у къыщысцIыхуар мы иужьрей илъэс ныкъуэм дэлэжьэн щIэздза нэужьщ. Езыр теплъэ гуакIуэ зиIэт, щыпсалъэкIэ зыщумыгъэнщIу, зыгуэр дэзгъэхуну пIэрэ жыпIэу уедаIуэу апхуэдэт. ПщыхьэщхьэхуэкIуэу ешауэ ухуэзами, и зэманми къарум и щымысхьу, игуми, и псэми къабгъэдэкIыу къопсэлъылIэрт. Моуэ пшынэ бзэрабзэм ещхьу къысщыхъут ар щыпсалъэкIэ. ГушыIэурэ, зыгуэрым иригъапщэурэ, уи жагъуэ имыщIу иу иримыхьхэри къыбжиIэрт.

Адыгэ лъэпкъым икIукIэ хэщIыныгъэшхуэ дгъуэтащ. Езгъэлейуэ къыфщымыхъу, ауэ хэт Аслъэн иригъэкIуэкIыу щыта зэхыхьэхэм хуэдэхэр иджы къызэзыгъэпэщынур? Хьэмэрэ, езым зэрыжиIауэ, зылI и къарукIэ зэригъэпцIа, музейхэм щумылъагъуну хьэпшыпхэр зэхуэзыхьэсынур? ЦIыкIуми инми задригъэкIуу, жьыи щIэи зэхуишэсу, игъэгушху эу, игъэгуфIэу щытащ ЦIыпIынэ Аслъэн.

И гъащIэри, и мурадхэри къызэпаудащ адыгэ лъэпкъым и лIы пашэм. А щIэпхъаджагъэр зылэжьар нэфт, хьэмэрэ дэгут? Аслъэн хуэдэ цIыху гъуэзэджэм, къэджам гу къабзэкIэ пежьам кIэрахъуэ тебубыдэу уеуэн щхьэкIэ сыт хуэдэлъ пщIэтын хуейр? Ислъам диныр телъхьэпIэ ящIауэ, апхуэдэ гуэныхь къэзыхьхэм сыткIэ узэреджэнур? КъагурымыIуэу пIэрэ зи къуэ зыфIэкIуэда анэхэр зэрыгуIэр, зеиншэ ящI сабийхэм ягъэвыр?..

Аслъэн хуэдэ диIакъым. КъардэнгъущI Зырамыку адыгэ IуэрыIуатэм хуищIа хэлъхьэныгъэшхуэм хуэдэ зыхузэфIэкIын зэрыщымыIэм хуэдэуи, ЦIыпIынэ Аслъэн адыгэ хабзэм зэрелэжьам ещхьу, абы пэрытын нобэ диIэкъым. Пэжщ, абы куэд тотхыхь, топсэлъыхь, ауэ ахэр утыкум щызыгъэлъэгъуэф, зэманым зыдэзыхьуэжа цIыхухэмрэ хабзэмрэ къэзыгъэщIэрэщIэж дэнэ щыIэ?

2014 гъэм Сочэ щызэхэтыну Олимп Джэгухэм ди лъэпкъыр дуней псом къыщригъэцIыхуну, ар адыгэхэм я щIыналъэу зэрыщытар къаригъэщIэну и мурадт Аслъэн. Арат иджыпсту и къару псори зэхьэлIар. Зыхуигъэувыжа мурадым и къежьапIэт Щхьэлыкъуэ къуажэкIэм деж гектарибл хъу щIы ди республикэм и Iэтащхьэм къызэрыIихар. Абдеж адыгэ къуажэ цIыкIу щиухуэу, лъэпкъ дауэдапщэхэр щригъэкIуэкIыну и гугъэт. Аракъэ лъэпкъым хуэлажьэ цIыху жыхуаIэр?!. Мис а къомым сыщегупсыскIэ, адыгэхэм хэщIыныгъэшхуэ зэрыдгъуэтар нэхъри зыхызощIэ.

Iуэху гуэркIэ убгъэдыхьамэ, япэ щIыкIэ Iэмал имыIэу и хьэщIэщым уригъэблагъэрт, и анэ Цацэ ипщэфIа лъэпкъ шхыныгъуэ IэфIхэр псынщIэ дыдэу Iэнэм къытригъэувэрт. ИтIанэт ущIэкIуа Iуэхум гупсэхуу къыщедаIуэр. Зэи уигъэщIэхъунутэкъым, узыхуейри къыбжиIэнурэ, чэнджэщыфIи къуитынут.

...А зы къуэ закъуэм фIэкIа зэримыIэр арагъэнт Аслъэн и ныбжьыр илъэс 50-м щIигъуами, «си щIалэ цIыкIу», «си дахэ цIыкIу» жиIэурэ Цацэ и къуэм щепсалъэр. Аслъэн щхьэкIэ имыщIэн щыIэтэкъым абы. Сыт хуэдэ зэхыхьэ зэхимыублэми, дэIэпыкъуэгъу, чэнджэщэгъу нэхъыщхьэу къыкъуэтыр и анэрат, и къуэхэрт. А щIалэ цIыкIухэм - Идаррэ Оздемыррэ - я адэм и псалъэр тIу ямыщIу, нэмыс яхэлъу гъэсат.

Аслъэн куэд къимыгъэщIами, игъащIэкIэ мыкIуэдыжын хабзэ дахэхэр лъэпкъ тхыдэм щIэину къыхуигъэнащ. Езыр гъуанэдэуэу яукIами, абы и лэжьыгъэхэр зэи яхуэгъэкIуэдынукъым зигу Iей илъхэм.

ЗдэкIуам жэнэтыр унапIэ Тхьэм щыхуищI. «ЦIыхур лIэми, и псэр псэущ» жаIэ. Дэри абы и псэр зэрыдгъэгуфIэным, и лъэужьыр зэрыдмыгъэкIуэдыным ди къару псори етхьэлIэнщ.

**ЕЛЪКЪАН Маринэ,**
*журналист.*

Японием къикIа хьэщIэхэр кърегъэблагъэ. *2009 гъэ*

ЩIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым щиIэ и пэшым интервью «Адыгэ псалъэ» газетым щрет. *2007 гъэ*

Налшык Абхъазым и утым адыгэ хабзэм теухуауэ пшыхь щрегъэкIуэкI. *2005 гъэ*

КъБКъУ-м и адыгэ къудамэм щIэсхэм лекцэ къахуоджэ. *2009 гъэ*

## Лъэпкъыбзэм и IункIыбзэIух

ИЛЪЭСЫЩIЭМ ехьэлIа махуэшхуэхэр унагъуэ куэдым я дежкIэ нэщхъей ищIащ республикэм щыцIэрыIуэ щIэныгъэлI, жылагъуэ лэжьакIуэ ЦIыпIынэ Аслъэн зэраукIам. Филологие щIэныгъэхэм я доктор, адыгэ IуэрыIуатэмрэ хъыбарыжьхэмрэ зыдж ЦIыпIынэм лъэпкъ махуэшхуэхэмрэ абыхэм ехьэлIа дауэдапщэхэмрэ къигъэщIэрэщIэжырт. Абы и иужьрей лэжьыгъэ хъуащ артист пажэхэр, къызэрыгуэкI къуажэдэсхэр, къалэдэс щIалэгъуалэр, езы Аслъэн и ныбжьэгъухэр, Iыхьлыхэр, и къуэхэр хэту адыгэ хьэгъуэлIыгъуэр зэрырагъэкIуэкIым теухуауэ триха телефильмыр.

Утым цIыхубэр щызэхуишэскIэрэ теленэтынхэмкIэ къэпсалъэкIэрэ щIэныгъэлI щеджащэм увыпIэ хэха иIэ хъуат: бзэм и шэрыуагъыр, дамыгъэхэм къарыкIыр, Iуэху зэхуэмыдэхэм ехьэлIа дауэдапщэхэр зэрызэхэлъыр зэфIигъэувэжкIэрэ Аслъэн къиIэтыжырт цIыхубэм я дежкIэ нэхъ лъапIэ дыдэр - ди адэжьхэм я щэнхабзэмрэ хабзэмрэ... Мис а адыгэ хабзэр къигъэщIэрэщIэжырт абы ди хьэгъуэлIыгъуэхэмрэ махуэшхуэхэмрэ Iэрыхуэу къыщигъэсэбэпурэ. Ауэ щыхъукIи, ди фIэщ хъуртэкъым апхуэдэ къэхъуну, арщхьэкIэ зы цIыхум къызыкъуиха зэфIэкIым къигъэлъэгъуар нэгъуэщIщ.

Куэдым, сэри абыхэм сахэту, яфIэгъэщIэгъуэнт абы Iурылъ анэдэлъхубзэр. Сыт хуэдэ Iуэху тепсэлъыхьми лъэхъэнэ блэкIахэм тIэщIэхуауэ щыта гуэрым и кIапэлъапэр къиубыдыжырт Аслъэн, бзэм и къулеягъ псоми, абы щIэлъ щIагъыбзэми фIыуэ щыгъуазэти.

ЦIыпIынэм и бзэр зыми емыщхьт, абы къигъэлъагъуэрт ди лъэпкъыбзэм и IункIыбзэIух зэрыщыIэр, ар Аслъэн зэрыIэщIэлъыр. Абы къикIырт зи гугъу тщIы IункIыбзэIухыр дзыхь зыхуэпщI хъун Iэ зэрыIэщIэлъри, къызыхэкIам хуэпэж гум зэрилъри. Мыхьэнэшхуэ иIэт а щэху псори зыIэщIэлъыр къэзыухъуреихьхэм жэрдэмышхуэ хэлъу зэрадэгуашэм. Ар махуэ къэскIэ игъэзащIэ къалэнт...

Илъэс 51-рэ хъууэ арат Аслъэн и ныбжьыр. Дыгъэгъазэм и 29-м и пщыхьэщхьэм яукIащ Аслъэн, имыцIыхуми, хьэщIэ ищIыну къахущIэкIат ар къэджахэм. КъыкIэлъыкIуэ махуэм щIалъхьащ. Щхьэлыкъуэ дэт и унэлъапсэм щызэхуэсащ и Iыхьлыхэр, ныбжьэгъухэр, лэжьэгъухэр. Дэтхэнэ зыми и анэкъилъхум хуэдэу иужьрей гъуэгуанэм тригъэувэжащ Аслъэн, ауэ а гуауэм гущIэм къыщигъэуша псалъэхэр жыдмыIэу къэнащ. Республикэм ис бзылъхугъэхэм къабгъэдэкIыу Аслъэн и анэм, и щхьэгъусэм, и къуэхэм, и шыпхъухэм я гуауэр зэдагуэшыну долъэIу, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, зы гум ар хуэхьынукъым.

«Си нэхукIэ» еджэурэ ЦIыпIынэ Цацэ и къуэ закъуэр къигъэхъуат лъагъуныгъэрэ гумащIагъкIэ щIигъанэу. АпхуэдизкIэ фIы куэд бгъэдилъхьат абы и къуэми, и нэхур къэзыухъуреихь псоми тридзэрт.

**КЪАНЫКЪУЭ Заринэ,**
*«Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ, «Жан» бзылъхугъэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI.*

# Зыгъэпсэхугъуэ махуэм Малъхъэдис

● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

## Тхьэвым кIуэцIылъу гъэва джэд

Iэнэм хьэжыгъэ тIэкIу трагъэщащэ, пщагъэ зыхэмылъ тхьэвыр и Iувагъыр см 1-1,5-рэ, и кIыхьагъыр см 35-рэ, и бгъуагъыр см 17 хъуу яху, зралъхьэну тепщэчым елъытауэ.

Ижькъэ джэд гъэкъэбзар Iыхьэ-Iыхьэу зэпкъралхри, бжьыныху-шыгъукIэ яшыу. ИтIанэ тхьэв яхуэм джэдыл Iыхьэхэр тралъхьэ, я лъагагъыр зэхуэдэурэ, абы бжьын цIынэ упщIэта, бурш, шыбжий плъыжь хьэжа, джэдгын, къуэн упщIэта, тхъуцIынэ зэпыгъэлъэлъа тралъхьэ. Ахэр щытралъхьэкIэ тхьэвым зэпыупщIыпIэ къыхуагъанэ, зэкIуэцIашыхь, тхьэв кIапитIыр зэтехьэуи, джэдыкIэ уда щахуэурэ зэтрагъапщIэ. Бинтым кIуэцIашыхьри ар псы хуабэ зэрыт тебэм, зэпыгъэпщIапIэр къыдэгъэзэяуэ, иралъхьэ, шыгъу хадзэж.

Тхьэвыр псым щIимыгъанэу щытын хуейщ. Тхьэв щIыхум бахъэр къызэрикIын гъуанитI-щы хуащI, арыншэмэ къэчэнущ. ИтIанэ и щхьэр тепIауэ, къэмыкъуэлъащэу дакъикъэ 20-25-кIэ къагъавэ, къыхахыкри фалъэ куум иралъхьэ. Бинтыр кIэрахыж, зэпыупщIыпIэхэм хуэзэу Iыхьэу зэпаупщIри, пщтыру яшх тхьэв вам и гъусэу. Хуабжьу къэуатщ, шхыгъуафIэщ. Ар зыхэвыкIа лэпсым хьэлIамэ цIывынэ, хъудыр, хъудыр бэлацэ, нэгъуэщIхэри ирипщI хъунущ.

*Халъхьэхэр (цIыхуитху Iыхьэ)*: тхьэву - г 1000, джэдылу - г 700, бжьын цIынэу - г 20, бжьыныхуу - г 40, тхъуцIынэу - г 150-рэ, къуэну - г 20, шыгъу, шыбжийуэ, джэдгыну - узыхуейм хуэдиз.

*«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.*

● Фэ фщIэрэ?

## КIыщым, гъукIэным епха псалъэхэр

**КIыщ** - кузница
**ГъукIэ** - кузнец
**Удауэ** - молотобоец
**ХьэуакIэ лажьэ удэ** - пневматический молот
**Жьэгу** - горн
**ФIамыщI** - уголь
**ПэрыIэбэ** - горновые щипцы
**Шэдыбжь** - мех (поддув)
**ГъущI зэрызэпагъавэ** - сварочный аппарат (электрический и ацетиленовый)
**Пхых лъэщ** - сверлильный станок
**Iэмгуапэ** - кузнечный горн
**ЛъащIэмпIэ** - набор кузнечных инструментов
**Удэ цIыкIу** - малый молоток
**Iэпэлъыкъуэ удэ** - средний молот
**Удэшхуэ** - кувалда
**Жыпхъэхэр** - формы для литья
**Лъэрымывэ** - точильный камень
**Лъэрыпс** - точильная вода
**Лъэрыпсытэ** - ящик для точильной воды
**ГъущIыпс** - вода для закаливания и остужения металлов
**Бру къэтхъыхь** - центровочное сверло
**Тэрэз** - измерительный циркуль
**Хьэлъэбжьанэ, фIэгъанэ** - инструмент для надевания шины на обод
**IэдэIуантIэ** - тиски
**ГъущI плъар зэраубыд Iэдэхэр** - щипцы для захвата нагретого металла
**Чыпхъэ** - метчик
**Iунэуалъэ** - дюбель
**Пхыуд** - пробои, различные по величине
**Сыдж упщIапхъэ** - зубило для наковальни
**Кхы зыфIэть упщIапхъэхэр** - зубила с ручками
**Къэнжал лэныстэ** - ножницы по жести
**ГъущI пхъэхъ** - ножовка по металлу
**Щалъэ быдэ, лантIэ** - метры гибкие и жесткие
**Ны лIэужьыгъуэ куэд** - напильники всевозможных размеров и форм

*Зыгъэхьэзырар* ШЭРДЖЭС Алийщ.

● ЕджакIуэхэм папщIэ

## Сосрыкъуэ Нарт Хасэм япэу зэрыкIуар

**Сэтэней:** Ежьэ,си къуэ, кIуэ Нарт Хасэм,
Жеlэ, Хасэм хэт нартыпщым,
Лъэпщ уэ джатэр ауэ сытми
Фащэ закъуэу пхуимыщIауэ.
Ежьэ, си къуэ, мыр зэгъащIэ,
Нартхэ лъытэ зыхуащIыр
Щыри хыри зыщIыхухэрщ,
Лыгъэ инкIэ уэрэдхэр
Жыымьм, щIэми щIагъэIурщ.
Ежьэ, си къуэ, гъуэгу махуэ,
Махуэу щыIэр пхуэнажу эу,
Iуэху къэхъыр пхуэ лъхуIыу,
Зылъэкl Iэщэр уи джатэу,
Бгыр зыкъутэр уи бжьыкIыу,
Уи кIэ кхъи уэр пщIэмыхьэу,
Уи хьэ жэр у уи гъусэм
Уи пэ къихьэр къемылу,
Елэн бащэр нэбгъэщтэу
Ещтэуэныр ууейуэ,
Уи къэсыжым и пэIуэ
Уи у эрэдым къигъэзэу,
Уэ уэшыщхьэмыгъэзэрэ
Бийм гъэзэгъуэ имыту,
Нарт етахэр пфIэлIыкIыу
Лlы ухъункIэ солъэIу!

*(Сосрыкъуэрэ Сэтэнейрэщ сценэм итыр. Сэтэней унэбжэм Iутщ, Сосрыкъуэ ирегъажьэ. Сосрыкъуэ нартыл! фащэкIэ хуэпащ: и щхьэщыгум дыгъэр итщ - таж щхьэрыгъыр дыгъэм полыщ. Мэlу дыжьыныфэр и бгым ищIащ. ГъущI афэ щыгъщ. ТэджэлеI кIэщI щыгъщ, шырыкъу лъапщэ кIыхь лыгъщ. Сэшхуэр и бгым ищIащ. И анэм щхьэщэ хуещIри, йожьэ. Сосрыкъуэ сценэм йокI, Сэтэней къонэ. Ар щхьэгъубжэм, бжэм Iутщ IукIIухьэжу, и Iэ ижьым IэщIэль лэныстэр егъабзэ. ЗытIэкIуэрэ апхуэдэу щыта иужь, заулкIэ сценэр кIыфI мэхъури, нэху къохъуж. Сценэ нэхум итщ Нарт Хасэр, Сосрыкъуэ лъэ быдэкIэ зекIуэурэ, Хасэм и пащхьэм щоувыкI. Хасэм хуэкIуэ Сосрыкъуэ нэхь гъунэгъу яхуэхъуэху, уафэ гъуагъуэ макъым нэхь зеIэт, уафэ хъ уэпскIыр нэхь хуабжь мэхъу, гур зезыдзэ пшыналъэр нэхь зэщIохъае. Щхьэрыщ зэрыщIэт a Iэуэлъауэм Нарт Хасэри зэщIегъэтаджэ, щтэIэщтаблэу зэхэзэож).*

**Зым жеIэ:**
Хэт а уафэр зыгъэгъуахь уэу,
Хэт а щIылъэр зыгъэзыжыIэджу,
Шу емынэу дэ къытхуэкlуэр?

*(Хасэм щIэс псоми Iэдакъэжьауэ ящIауэ, къакIуэмкIэ маплъэхэр. Ахэр зэхэзэжу зэхэту, либл сценэм къохьэ. Ахэр IэпкъэлъэпкъэкIэ инщ, плIабгъуу защIэщ, фащэ гъуабжафэкIэ хуэпахэщ, я щхьэщи, я жьакIэ зэщIэкIэжащ, я Iэ ижьымкIэ гъущIыпэмыщ баш яIыгъщ. Щыр сэмэгумкIэ, щыр ижьымкIэ зэпэщIэту йоувыкIхэр, Сосрыкъуэ къакIуэр я зэ хуэху дагъэкIыну. Абыхэм я еблана Сосрыкъуэ и сэмэгурабгъумкIэ къыщытщ, зы лъэбакъуэ хуэдизкIэ ижь къинэу. Нарт Хасэм хэтхэм ящыщ зым, къотэджри жеIэ:)*

- Уий Iэу, уий Iэу, Сосрыкъуэ,
Сэтэнейми и лъхугъэ.
Уи къэкIуэкIэмкIэ укъэтщIащ,
Уи тесыкIэмкIэ укъэтщIыхуащ,
Зи щхьэ дымылъагъуу
Уий Iэ у, зи щэкIэ тщIыхуа!

**ЕтIуанэм жеIэ:**
Сытуэ гущэм укъытхуихьт,
Сытуэ гущэм уигъэгубжьт,
Дауэ гущэ укъытхуэкlуэт!

**Ещанэм жеIэ:**
Уэ къызэкIу эт, уэ къеблагъэт,
Ди санэхум къыхыхьэт,
Уи гъурыльыр къэдгъэщIэт.

**Епланэм жеIэ:**
Уи Тхъуэжьейри къэгъафэт
Уи фэ дахэр тегъэхьт,
Ди жэрыкъэм кIэлъыплъыт.

**Етхуанэм жеIэ**
Нартхэ я джэгур гъэхъейт,
Уи щыпэ хьыхьэр гъэбыдэт.

**Еханэм жеIэ**
*(Ибгъукlэ къыщыт гъущI сыджышхуэмкlэ и Iэр еший):*
Уадэ закъ уэр тегъауэт,
КIыщкIэ ПэныкIуэ гъэунэхут.

**Ебланэм жеIэ:**
Нарт Пагуэжьи гъэ тутыт,
Пщае бланэр гъэсысыт.

**Еянэм жеIэ:** Уий Iэу, уий Iэу, Сосрыкъуэ,
Уэ дыппо жьэ, уэ дыппоплъэ!

**Ебгъуанэм жеIэ** *(Iэгубжьэр IэщIэлъу къотэджри):*
Нартхэ я псалъэ мыIуэду,
Нартхэ я удын мыгъщу,
Нартхэ я гуащIэ мыкъ утэу,
Нартхэ Iуэху къадэхъуу,
Нартхэ санэху яхуэмэ у,
Гъащlэу щыlэр яIэну
Мы хъуэ хъуэбжьэр солэт.
*(Сосрыкъуэ бжьэр хуеший. Сосрыкъуэ бжьэр Iитlкlэ къыlехри ирефа).*

**ЕпщIанэм жеIэ** *(бжьэр IэщIэлъу къотэджри):*
Уий, Сосрыкъуэ у ныкъу экъуэгъ у,
Мыри нартхэ я бжьэ тIуанэщ,
Тlуанэ анэм урикъуэщ,
Емыкъужьыр уи шыжькъэ,
Хьэтыр лъагъуи, Сосрыкъуэ,
Мы нартыбжьэр ныстыхь.
*(Сосрыкъуэ ари ирефа).*

**ЕпщыкIузанэм къыпещэ:**
Уий, Сосрыкъуэ, нарт лlыкъуапщI
Нартхэ мыр я бжьэ щанэщ.
Зауэм япэ хыхьэгъуэм
Бий бжьыкIищыр яубыд хабзэщ,
Хасэм и япэ хыхьэгъуэми
Санэху бжьищыр къыlах.

Лыгъэ унIэм,Сосрыкъуэ,
Уи гъущIыпкъыр ежьуэ
Нарт хабзэр гъэзащIэ т,
Нартхэ я бжаблэр гъэхъейт,
Нартхэ я щIыпу гъэгызыт,
Нартхэ ди дзэгызэр гъэгуэт,
ИIэт, иlэт, Сосрыкъуэ,
Къефэт бжьэ ещанэми!

**Нэсрэн ЖакIэ къыпещэ:** *(Ар къызэфIоувэ, адрейхэм къащхьэщыкIыу таж щхьэрегъщ).*
Хьуни, хьуни, бжьитI ефамэ,
Бжьитlыр хуэхъу ку эд къытхэт.
Ежьэу щыlэр зыгъэкIуэдхэ,
Ар щlалащэщ, ар щауэщlэщ,
Санэхубэр зыхумэхьщ,
Зигурэ эи лъэрэ зэрымытщ,
Къраг бжьэри зымытыжщ,
Хьуни, хьуни, нартыкъхэ,
Бжьитlыр хуэхьым куэдыщи!
*(Бжьэ ещанэри ирэф Сосрыкъуи, къезытам иретыж).*

**Хасэм хэтхэм зэгъусэу:** «Хьет жегъэlэ, Сосрыкъуэ!».
*(Абы зеlэтри, я пащхьэ лъапэрисэу къыщофэ).*
**Хасэм хэтхэм:** *Уэуи, уэуи! Уэуи, уэуи!*
*(Сосрыкъуэм и лъапэрисэ къафэр лъэзэблэхкlэ щихь ужым, Хасэм хэтхэм я къэжурн нэхь лъагэ мэхъу).*
**Сосрыкъуэ:**
Уий, нартхэ, уафэр фыфейщ,
Ныкъуэкъуэгъур сысейщ.
**Хасэм хэтхэм:**
Уэйрэ, уэйрэ уэрира.
**Сосрыкъуэ:**
Уий, нартхэ, фи нэфI,
Уий, нартхэ, фи ней!
**Хасэм хэтхэм:**
Уэрира, уэрира, уэририра.
**Сосрыкъуэ:**
Щурылъэс дыджэгунщ,
Япэ илъыр фыфейщ,
КъыкIэлъыкIуэр сысейщ,
Уий, нартхэ, фи нэфI,
Уий, нартхэ, фи ней!
**Хасэм хэтхэм:**
Уэрира, уэрира, уэририра.
**Сосрыкъуэ:**
Шабзэрыуэм щэддэзэнщ,
Япэ шабзэр фыфейщ,
КъыкIэлъыкIуэр сысейщ,
Уий, нартхэ, фи нэфI,
Уий, нартхэ, фи ней!
**Хасэм хэтхэм:**
Уэрира, уэрира, урирара.
**Сосрыкъуэ:**
Хэт нэхъ жыжьэ мыуэнрэ,
Хэт нэхъ мышэрыуэнрэ.
Уий, нартхэ, фи нэфI,
Уий, нартхэ, фи ней!
**Хасэм хэтхэм:**
Уэрира, уэрира, урирара.
**Сосрыкъуэ:** ХэтIэхэсэ дыздеIэнщ,
Япэ еIэр фыфейщ, етIуанэр сысейщ,
КъыкIэлъыкIуэри флъагъунщ.
**Хасэм хэтхэм:**
Уэрира, уэрира, уэририра.
**Сосрыкъуэ:** Уий, нар тхэ, фи нэфI,
Уий, нартхэ, фи ней!
ХэтIэхэсэм и ужькIэ
Жан Шэрхъым дызэдеуэнщ.
Япэ еуэр фыфейщ,
КъыкIэлъыкIуэр сысейщ.

КЪАЛМЫКЪ Адниан.
*(КъыкIэлъыкIуэнущ).*

● ТеплъэгъуэА



Зи ныбжьыр мази 10-м ит Мамий Самирэ цIыкIу и япэ илъэсыщIэр нэжэгужэу къригъэхьащ. Псей гъэщIэрэщIар зыфIэгъэщIэгъуэн пщащэ цIыкIум зекIуапIи тIысыпIи хуэхъур ар здэщыт щIыпIэрт. Зытехьа гъэм къыпигъэплъэ псори абы и лъабжьэм саугъэт лъапIэу къыхуищIахьа хуэдэ, ар къуфэрэзыхьыфыт нкIи нэIэ тригъэкIыфрэтэкъым.

● Гушыlэхэр

### Сыкъэушмэ, пщIыхьэпIэт!

Абрэдж гуэр гупым яхэсу игъэхьахэр яхуиIуэтэж пэтрэ старшынэр къыщыщыбжэм Iухьащ. Абрэджым и псалъэмакъыр щыззхихым, щIэмыхьэу бжэм кIэрыувэри кIэщIэдэIухащ. Абрэджым иIуэтэжырт пащтыхьым и тетхэм я бийуэ зэрихьа лIыгъэхэр, полицейхэм зэрезэуар, зэраlэщIэкlар.

«Мис иджы гупыр щыхьэту къэзумысащ абрэдж хахуэр!» - жиIэу старшынэм бжэр Iуихри щыхьащ гупыр щызэхэс унэм.

Абрэджыр старшынэм къыIуплъэри, къызэредэIуар зэуэ къыщыгурыIуэм:

- Сыкъэушмэ, пщIыхьэпIэт! - яжриIэщ зи жьэ ущIауэ къедаIуэ гупым.

### Хъуххэнумэ, уи фIэщ умыщI

Агънокъуэр фIыуэ ефауэ уэрамым здрикIуэм, кхъэщIэ къахухьу илъэгъуащ.

- Абы из хъ уу, Алыхьым сигъэпсэу, нэгъуэщI сыхуейкъым! - жиIэри, блэкIащ.

Абы и ужькIэ ильэс куэд дэкIащ, а кхъэми из хъуауэ къыблэкIыжу, жиIауэ щытар игу къэкIыжри:

- Делэжь гуэр къэвац жыпIэу, уи фIэщ умыщI, - жиlащ, уафэмкIэ дэплъейуэрэ.

● Къуажэхьхэр

### ВакIуэ дэкIым кIэльоджэ

●БдзапцIэм нэхърэ нэхъ хьэлъэщ, фом нэхърэ нэхъ IэфIщ, уи щIыб ипхъэмы пхуэмыхь, бэзэрым пхьами ямыщэху.
●ВакIуэ дэкIым кIэлъоджэ, къаджэ-наджэ къекIуэхь.
●Гъуагъуэрэ цIыгъу, хъуаскIэр къыпылъэлъу къэсащ.
●Гъуэгу напщIэ удзым цы мыуда хэлъщ.
●Ди бжыхьыпэ лы цIыкIу пызщ.

ЖЭУАПХЭР: *Жэ. Хьэрхъщ. Ухьэгъэр, цуфэ-фэгъуагъэ. Тхьэгу. Тхьэгу, Ушыхьэ. Вэу.*

● Нэщэнэхэр

### Нысэ къашагъащIэм япэ дыдэу фо хущIахьэрт

❖Мыl эрысейр бжьыхьэм къэгъэгъэжмэ, фIыкъым.
❖Нэхъыжьым Iэ сэмэгумкIэ зыри хуашийтэкъым.
❖Нысэ къашагъащIэм япэ дыдэу фо хущIахьэрт ирагъэшхырт, унэр, лъэпкъыр IэфI щыхъунущ жаIэрти.
❖ Пщэдджыжьым жыуэ псы къэпхьыну, бжэхэр Iупхуу жьы къабзэ къыщIебгъэхуэну фIыщ: абыхэм насып къадокIуэ жаIэрт.

Напэкlуэцlыр зыгъэхьэзырар ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.

● Псалъэжьхэр

### Жэщым и дахэр мазэгъуэщ

● Дахагъэм дагъуищэ егъэщIыкIу.
● Дыгъэр пшэм щIилъафэкIэ ункIыфIыркъым.
● Жэщым и дахэр мазэгъуэщ, щIыхум и дахэр акъылщ.
● Жьы къемыпщэу къурэ сыскъым.
● ЛIыгъэм гугъэр и гъусэщ.
● Пэжыр зи гъуазэм насыпыр и гъугъущ.
● Псыпэ куэд зэхэлъэджэмэ, тенджыз мэхъу.
● ФIэщхъуныгъэ хущхъуэгъуэ хэлъщ.

# Псалъэзэблэдз



**ЕкIуэкIыу:** 1. Дзэлыкъуэ куейм щыщ къуажэ. 4. Нартыху хьуманIэ. 5. ПIIанэпэ. 7. Гъэшхэхl. 10. Жыг лIэужьыгъуэ, и тхьэмпэхэр щхъуантIафэ-хужьыфэу. 11. Мэжджыт кIуэщIым иIэ уаз тыпIэ. 15. Iyp зэрыгъум ... ирожэ. 18. ЩIакхъуапхъэ. 19. Жыг ... е джэдыкIэ ... 20. Илъэсищым ит шыщIэ мыгъасэ. 22. ШхыннэлъхьэтIу удз. 24. Курыт Азием щыIэ къэралыгъуэхэм языхэзым я тепщэм апхуэдэу еджэрт. 25. Адыгэ уэрэджыlакIуэ цIэрыIуэу щыта, КъэбэрдейБалъкъэрым и цIыхубэ артист. 26. Пасэрей зауэлI джанэ, гъущI хьару щIауэ. 27. Iуэгушыхьум, къазыхъум я бгъэм трищIэ пшэрыпIэ. 28. Псымрэ абы и Iуфэмрэ зи хэщIапIэ къуалэбзуухъуэ. 30. Анэкъилъху. 32. Пыр, пхъашэ. 34. МэлъэщIэм щыщ. 35. Адыгэ Iуэрылуатэм узыщрихьэлIэ цыфылъхьэ. 37. Бжэныфэм къыхащIыкI къэп. 38. Iэщым хуэхьэлъхьэ Iус. 39. Уэсыр тIкIужмэ, уэрамхэр ... 40. Псым и ... мэкъ. 44. ... зэманым адыгэм хабзэшхуэ яхэлъащ. 45. ... зэрымытым Iэтэ ирегъэувэ. 47. Цыху фейцей, лъагъугъуей. 50. Мыпшэр, удэ. 51. Псы Iуфэхэм къыщыкI, арджэн къызыхащIыкI къэкIыгъэ. 52. Бдзэжьей лIэужьыгъуэ. 53. Хэмэгу-хамэщхьэу щымыт цIыху нэжэгужэ.

**Къехыу:** 1. Дзыбэ ... . 2. Къуажэ гуbгъуэхэм, къалэхэм щыбэгъэуа къуалэбзу. 3. Адыгэр зэрызауэу щыта Iэщэ лIэужьыгъуэ. 5. Лъэпщ ипхъэ нартхэм я гъукIэу щытa. 6. Хьэкъущыкъым щыщ. 8. Шы гуартэ ирахужьам кIэлъыщIэпхъуа гуп. 9. Адыгэ усакIуэ, «IуащхьэмахуэУ» журналым и лэжьакIуэу щыта. 12. Къуажэдэс адыгэ унагъуэм и ерыскъыпхъэр щыхумэху хьэзэминым щыхъумэ щыпIэ. 13. ХьэкIэкхъуэкIэ. 14. Пщащэ тхьэIухудым щылаэр ... ищIащ. 16. ЩIакхъуэм е нэгъуэщI зыгуэрым и зэхуэдитI. 17. Нартхэм я ныкъуэкъуэгъу лъэпкъ. 21. Щыгъэ лъапIэхэр абы къыхащIыкI. 23. КIыщокъуэ Алим и усэ цIэрыIуэ. 24. ХадэхэкI. 25. IэщIэр гъэмахуэм щагъэхъу бгылъэ щIыпIэ. 29. Нышышхуэ. 31. Илъэс плIыщI хуэдэ и пэкIэ еджакIуэхэм я перор абы хагъэуурэ тхэрт. 32. IэпкъэлъэпкЪ дахэ, зэкIужь зиIэ. 33. Псысэ, таурыхъ ... 36. Адыгэ драматург цIэрыIуэ. 41. Гуэдз, нартыху щахьэж. 42. Хьэлу, мэжаджэ... 43. ЛъэныкъуитIыр IуэхукIэ зэпызыщIэ. 44. Пщым и Iуэхутхьэбзащlэ. 46. Жьапщэ ин, уэшх, уэс щIэту. 48. Мазэ хьэкь, лэжьапщIэ... 49. Шы Iэпэлъапэсым щыщ.

*Зэхэзылъхьар* МЫЗ Ахьмэдщ.

**Дыгъэгъазэм и 31-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:**

*ЕкIуэкIыу:* 2. Хъуэхъу. 3. Ашэплъ. 6. Илъэсыщlэ. 7. Шыпс. 9. Хъуахуэ. 12. Аркъэ. 14. Псей. 16. Гуэн. 17. Гимн. 19. Махуэ. 21. Iуэгуш. 23. Ущие. 25. Темыркъан. 27. Шэджыхьэщlэ. 30. Пхъэпс. 32. Iуартэ. 34. Абазэ. 35. Арыкъ. 37. Къуэн. 38. Сэхъу. 39. Чэзу. 41. Абыкъу. 43. Къэрэгъэш. 44. Пыш.

*Къехыу:* 1. Гуфlэгъуэ. 4. Шхэпс. 5. Пщыпхъу. 8. Псэ. 10. Алъп. 11. Щхьэж. 13. Къан. 15. Сом. 18. Мэш. 20. Асу. 22. Гурыхуэ. 24. Щыхьэр. 26. Къес. 28. Джэгу. 29. Бланэ. 31. Псы. 33. Жэз. 36. Къаз. 37. Къэб. 40. Ужьэ. 41. Ашэ. 42. Нэмыс.

● Жыlэгъуэхэр

## Мылъкур насып пщалъэу щытамэ...

♦ЖыпIэну жьэм къемыкIур зэхезыгъэщIыкIыр нэмысщ.
♦ЗэхуэщIэкIэ псэуркъым, ауэ упсэуху зэхуэщIэнIа хуейщ.
♦Зы къэхъугъэ закъуэм цIыху гъащIэм и напэр къитхьэщIыжынкIи ищIэлъфынкIи мэхъу.
♦КъыпхуащIэр яхуэпщIэжыр зырикIт, я гум илъ къэпщIэн хуэмейтэмэ.
♦Зыбгъэгубзыгъэу цIыхум уфIэкIмэ, богъэикIэ, зыбгъэделэрэ зебгъэщIыхуэмэ, дерс къыхихынкIэ мэхъу.
♦Напэ зимыIэ щыIэкъым, зэдэIуэжыф закъуэм.
♦Напэр зэ щегъуэщ, къыщIэпхар зэ шхэгъуэщ.
♦Нэмысыр хьэхуун ятыркъым, щIыхуэуи къэщтэркъым.
♦Уи щхьэм хуэбгъэфэщэжыр уи фащэщ.
♦Ажалым къебгъэла пэлъэтэщ, цIыхум и сэбэп зыхэлъыр и чээум къыпхугурыгъаIуэмэ.
♦Делэ унафэр гъэзэщIэгъуафIэщ: къутэн мыхъумэ, щIын гугъу ящIыркъым.
♦Делэм егъэджакIуэ иIэкъым, ауэ «еджакIуэ» и куэдщ.
♦Иужьрей акъыл нэхъ зэгуэпыгъуэ бгъуэтын?
♦Уи бийр къыбдэзышын, пфIэделэу щытами, губзыгъафэ ибопльыж, узэри делафэ къыптоуэ.
♦Мывэ къызэрыгуэкIыр куэдкIэ дыщэм йофIэкI - зэригъэзэуэIаркъым, ауэ ари хейуэ хэкIыркъым - ирюзоузэ.
♦Мылъкур насып пщалъэу щытамэ, зы тхьэмыщкIэ и дыхьэшх макъ дунейм щIыIуитэкъым.
♦Псалъэмакъыр зы псалъэ закъуэу къожьэ.
♦БзэкIэ зэманри къэкIуэну зэманри нт зэманым щызэпхащ.
♦ГъащIэ блэкIам уи гугъэр хьумыхьыж, ауэ ущыгугъыуи умыжакъуэ.

БЕЙТЫГЪУЭН Сэфарбий.


Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР
Жылас Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Шырдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Гъурыжь Мадинэ (жэуап зыхь секретарь), ГъуцIэ Зариф, Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, Хьэжыкъарэ Алик.

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмрэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортым рэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдэкIэкIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IуэхущIапIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддэз тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ жэуап зыхь тхакIуэхэрщ. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм. Тел: 76-01-28, 76-01-10.
Газетыр щыныкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м. Тел.: 42-69-34
Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щIэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.
«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ:* жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редактору НэщIэпыджэ Замирэ, корректорхэу Афэ Тамарэ *(1, 3-нэ нап.)*, Иуан Заирэ *(2, 4-нэ нап.)* *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* Нырэ Саидэрэ Мэлбахъуэ Анжелэрэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.
Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Iэ щытрадзэр сыхьэт 20.00-рщ.
Индексыр 51531 ● Тираж 10.125 ● Заказ №63